ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№45 (22.453) • 2013 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 12, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЩIэныгъэншагъэр динми идэркъым

● Ди хьэщIэхэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ТХЬЭМАХУЭ кIуам ди республикэм щыхьэщIащ Тыркум лэжьыгъэ Iуэхуки I кьикIа лЫкIуэхэр. Тырку Республикэм дин IуэхуэхмкI и министрым и къудзэ **Эмен Селами**, Дюздж кьалэм и муфтий **Хилми Ибрэхьим**, ТР-м и лЫкIуэ УФ-м щыIэм дин IуэхуэхмкI и чэнджэщэгъу **Сагьлыкъ Фахьри** сымэ IуэщIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудзэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.** ЗэIуэщIэм хэтащ КъБР-м щыхубз хьыбарегъащIэ IуэхуэщапэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Къумахуэ Мухьэдин,** КъБР-м и Мусльыманхэм я дин Iуэхуэщапэм и унафэщI **Дзасэжь Хьэрэтланий,** Кавказ Ищхьэрэ ислъам университетым и ректор **Чочаев Шарафуддин** сымэ.

Тыркум кьикIа хьэщIэхэр ди республикэм и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен кьиригъблэгъауэ аращ жылагъуэдин IуэхуэхмкI дяпэкIэ нэхъ куууэ зэпыщIа хъун, Тыркумрэ КъБР-мрэ я гъэзэщIакIуэ властымрэ дин Iуэхуэщапэхэмрэ зэрызэдэлажьэ щыкIэм и пIалъэкIэ зэчэнджэщым папщIэ.

Къудзокъуэ Мухьэмэд хьэщIэхэр щигъэгъуэзащ ди щIыналъэм мусльымэн зэгухьэныгъэ 125-рэ зэриIэм, а псори КъБР-м и Мусльыманхэм я дин Iуэхуэщапэм зэрепхам, ислъам университетым студенти 147-рэ зэрыщIэсым, абыхэм диным екъэлIа дерс 23-рэ светскI дерсу 12-рэ зэрыщаджым, университетым мыдрисэ зэрыхэтым, абы кьищыкIымыщIауэ Налшык кьалэ Дин-егъэджэныгъэ центр ин зэрыщащхуэм, нэгъуэщIхэми.

Эмен Селами кьыхигъэщащ ди лъахэм щрагъэкIуэкIа зэIуэщIэхэмкIэ, студентхэм зэрахуэзамкIэ арэзы зэрыхьуар. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхуэгъи щIыуэпери хуабжьу дигу ирихьащ», - жиIащ хьэщIэм. Гъэзэныгъэм и гугъу щищIым, Селами кьыхигъэщащ ислъам диныр уэрэрыхуейуэ зэпхьэкI зэрымыхьунур. «Диным егъэзыгъэ хэлъкъым, абы уи гур хуэзIумыхамэ, фIым хухунэтIу щымытмэ, жылагъуэм зэран хуэхьун куэд кьикIынущ», - жиIащ Селами.

Хилми Ибрахьим и псальэм кьыхигъащащ Налшыкрэ Дюзджэрэ кьалэ-эжьэщхэу зэрыльытэ зэрыхьуар зэригуапэр икIи бысымэр абы зэрыригъэблагъэр.

ЗэIуэщIэм и кIэухым Къудзокъуэ Мухьэмэд хьэщIэхэм яжриIащ дяпэкIэ зэрызэдэлажьэну щIыкIэхэм теухуауэ кьыхалъхьэнуэм зэрыпэплъэнур, республикэм мыхьэнэщхуэ зрит жылагъуэ-дин зэхущытыкIэхэм зрагъэужьыным гулыIэ хэха зэрыхуащIынур.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапэр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ КъБР-м щыхубз хьыбарегъащIэ IуэхуэщапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Къумахуэ Мухьэдинрэ хэтащ УФ-м и Президентым и деж Къэзакъхэм ящыщIа Iуэхуэхэмкlэ щыIэ советым и зэIуэщIэм.

АР УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэ Центральнэ федеральнэ округым щыIэ Беглов Александр нэхъыжьу щысу видеоконференц хабзэм тету екIуэкIащ.

ЗэIуэщIэм щызэхалъхьажащ 2012 гъэм екIуэкIа лэжьыгъэр икIи щаубзыхуащ дызэрыт илъэсым кьапэщыт кьалэнэкъ. Апхуэдэу щытепсэтъыхьащ УФ-м 2020 гъэр кьэсыху урысей кьэзакъэм егъэщIылIауэ щрагъэкIуэкIыну кьэрал политикэм зэрызэрагъэужьыну щыкIэм, жылагъуэ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэм, ныбжьыщIэхэр гъэсэныгъэм и гугъу щиIэу, Селами кьыхигъэщащ ислъам диныр уэрэрыхуейуэ зэпхьэкI зэрымыхьунур. «Диным егъэзыгъэ хэлъкъым, абы уи гур хуэзIумыхамэ, фIым хухунэтIу щымытмэ, жылагъуэм зэран хуэхьун куэд кьикIынущ», - жиIащ Селами.

Хилми Ибрахьим и псальэм кьыхигъащащ Налшыкрэ Дюзджэрэ кьалэ-эжьэщхэу зэрыльытэ зэрыхьуар зэригуапэр икIи бысымэр абы зэрыригъэблагъэр.

ЗэIуэщIэм и кIэухым Къудзокъуэ Мухьэмэд хьэщIэхэм яжриIащ дяпэкIэ зэрызэдэлажьэну щIыкIэхэм теухуауэ кьыхалъхьэнуэм зэрыпэплъэнур, республикэм мыхьэнэщхуэ зрит жылагъуэ-дин зэхущытыкIэхэм зрагъэужьыным гулыIэ хэха зэрыхуащIынур.

ПщыхьэщIэ Алимбэчрэ Къуэдзокъуэ Аскэррэ 4-нэ, 6-нэ увыпIэхэр къьхащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● ЗэIуэщIэхэр

Къэзакъхэр зэкъуоувэ

ехьэлIа Iуэхуэхэм. Видеоконференцым хэтахэм кьаIэтащ урысейпсо жылагъуэ къэзакъ зэгухьэныгъэ кьыхэзгъэпэщыным и Iуэхури. Мы зэманым Урысейм и щIыналъэм жылагъуэ къэзакъ зэгухьэныгъэхэу 200-м щIигъу щыIэщ. Беглов Александр кьыхэрыхигъэщIыхьэхуэщIащ, апхуэдэ зэгухьэныгъэ кьыхэзрызэрагъэпэщым къэзакъхэм я лЫкIуэхэм Iэмал яритынущ езыхэм я Iуэху епльыкIэхэр кьэрал унафэщIхэм я деж нагъэсыну. Урысейм и щIыналъэхэм щхьэхуэ-щхьэхуэу щылажьэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр зэкъуагъэувэну.

ПЩЫГЪУЭШ Iэсият.

● Хъыбар гуапэ

Ди студентхэм я ехъулIэныгъэ

Дон Iус Ростов кьалэм дэт ухуэныгъэмкIэ кьэрал университетым промышленнограждан ухуэныгъэр Iэщlагъэу кьыхэзыхьа студентхэм я лэжьыгъэ нэхъыфIэр кьыхэхыныкIэ урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр кьэрал университетым щыщу абы хэтащ инженер-техникэ факультетым промышленнограждан ухуэныгъэмкIэ и кьудамэм и 5-нэ курсым щеджэхэу Мэзан Алим, Къуэдзокъуэ Аскэр, Пщыхьэщ Iэ Алибэч сымэ.

Мэзан Алим щыхь тхыльэ кьыхуагъэфэщащ икIи урысейпсо олимпиадэм и кIэух зэпеуэм хэтыныхэм хагъэхьащ. Ар мэлыжьыхьым Новгород Ищхьэрэ щекIуэкIынущ.

Пщыхьэщ Iэ Алимбэчрэ Къуэдзокъуэ Аскэррэ 4-нэ, 6-нэ увыпIэхэр къьхащ.

● Жылагъуэ советэр

Зэманым декIур...

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым и унафэщI, республикэм и жылагъуэ палатэм хэт Иуан Петр КъБР-м и Правительствэм деж щIэныгъэ - технологие зыужьыныгъэмкIэ щыIэ Жылагъуэ советым и зэIуэщIэ гъатхэпэм и 6-м иригъэкIуэкIащ. Абы щызэпкърахащ икIи кьыщащтащ зи гугъу тщIы Советыр мы гъэм зэрылэжьэну щIыкIэр.

ЗЭIУЩIЭР кьыщызэIуихым, **Иуан Петр** кьызэхуэсахэм ягу кьиригъэкIыжащ инновацэ политикэр убзыхуным, абы тещIыхьа законодательствэр езыгъэфIекIуэну Iуэхугъуэхэр гъэбелджылыным хуэунэтIауэ кьалэныщхуэхэр кьаззэрыпэщытыр. Апхуэдэщ экономикэм и дэтхэнэ Iэнатlэми унэтIыныгъэщIэ етын, еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтхэмрэ я зэфIэкIхэр нэхъ пыухыкIауэ кьагъэсэбэпын зэрыхуеиР.

Кьыхалъхьа Iуэхугъуэхэм хэпльащ. Ящ щыкIэ зэпкърахащ Iэнатlэхэм хуэхьэзыр щIэныгъэ-технологие кьэхутэныгъэхэр кьыхэхыным, инновацэ лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьэныжьмкIэ республикэм щыIэ хэкIыпIэхэр гъэбелджылыным, инновацэ предприятэ мыинхэр, технопархэр кьызэгъэпэщыным икIи абыхэм зегъэужьыным теухуахэр.

- Хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ гъэзгу тэмэм едмытауэ рынок зэхущытыкIэхэр нэгъэсауэ тхуэзэтегъэувэнукъым. НэгъуэщI кьэралхэр абы и лъэныкъуэкIэ хэпщIыкIыу ипэкIэ кIуэтащ, инновацэ Iэнатlэ цыкIуэхэри хьыхьу, хьэрычэтыщIэ предприятэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я кьызэгъэпэщыкIэм хуэIэзэ хьуащ, - жиIащ Иуан Петр. - «КъБР-м щрагъэкIэкI инновацэ лэжьыгъэхэм я Iуэхукlэ» Закон диIэщ. Зэхьуэкlыныгъэхэр халъхьажри, 2005 гъэм ар кIэухыу кьащтащ. Апхуэдэу «КъБР-м щIэныгъэ, щIэныгъэ техникэ Iэнатlэхэр зэрыщызэдэлажьэр зэкIэлыкIэныгъэ Iуэхуэ» Закон щIэщыIэдзауэ щыIэщ, ауэ ахэр ягъэзащIэркъым. Республикэ программэ хэхахэм я процент 90 - 95-м хуэфащэ гулыIэтэ ягъуэтырхьым. Зи гугъу сшIы закониитIыр пхыгъэкIыным мы гъэм щIэдзэфмэ, абы ди пIэм дришынут.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Щыгъуэ пэкIу

Ягу къагъэкIыжу

Гъатхэпэм и 8-м ильэс 69-рэ ирикъуащ балъкъэр лъэпкыыр залымыгъэкIэ хэжум зэрырашр.

А МАХУЭМ хуэщыгъуэну цIыхухэр щызэхуэсат 1944 - 1957 гъэхэм политикэ залымыгъэм ихьаухэм я фепль Долинск дэтым дэж.

Абы кьэкIуэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар, Правительствэм хэтхэр, республикэм щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Балъкъэр лъэпкъым и «Адан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Беппаев Суфьян пэублэ псальэр жиIа нужь, КъБР-м ис мусльымэнхэм я Iуэхущапэм и тхьэмадэм и къудзэ Мисиров Хьызыр политикэ залымыгъэм хэкIуэдахэм папщIэ кьызэхуэсахэм дыуэ яригъэщIащ.

Зэхуэсым кьекIуэлIахэм удз гъэгъахэр тральхьащ балъкъэр усакIуэ Мечиев Кязим и кхъэлэгъунэм. ИужькIэ цIыхухэр щIыхьащ политикэ зэлымыгъэм ихьаухэм я мурейм икIи балъкъэр лъэпкым и тхьэдэм щыщ напэкIуэцIэкIэ къэзыгъэльагъуэ хьэпшыпхэм, сурэтхэм, тхыгъэхэм щыгъуазэ зыхуащIащ.

КъыкIэлыкIуэу феплым и бжьIупэм пэкIу щекIуэкIащ. Абы хэтащ Къэзакъым, Ингушым, Къэрэшей-Шэрджэсым кьикIа лЫкIуэхэр, балъкъэр лъэпкым и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр.

Тхыгъэр сурэтри

КЪУМАХУЭ Асльэн *ейщ.*

● ЩIэныгъэ пэкIу

Зыпэмыплъа къэмыхъун хуэдэу

«РусГидро» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм гъатхэ-гъэмахуэ псыдзэхэм зэрыпэщIэтыным зыхуеГъэхьэзыр.

МЫ IУЭХУМ теухуауэ комиссэ щхьэхуэ кьыхэрагъэпэщащ. Абы хагъэхьащ ОАО-м и кьудамэ щхьэхуэхэмрэ КъБР-м и «Ростехнадзор» Iуэхущапэмрэ я IэщlагъэлIхэр.

«РусГидро»-м игъэбелджылыа Iуэхуэхэм ткIийуэ тету комиссэм хэтхэм кьапщытэнущ кьудамэм кьеГъэщIылIа гидротехникэ хуэунэмыгъэхэр 2013 гъэм и псы кьиуГъуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзыр щыкIэр. Къэпщтэмэ, станцхэм щыплъырыну гупэкIэ ирагъаджэ, псыдзэм зэрыпэщIэтыну Iэмалхэм хагъэгъуазэ, псыкIэ нэхъ кьыщну щыпIэхэм щыпсэуэхэм чэнджэщ ират.

«РусГидро» ОАО-м и инженер нэхъыщхьэ Мысыр Мурадин кьыззэрыджиламкIэ, Iэнатlэ псоми иджыпсту лэжьыгъэ пыухыкIаХэр щрагъэкIуэкI. Аха накьыгъэ мазэм и пэщIэдзэм зэфIагъэкIыну я мурадщ, икIи нэхъыбэу зыхуэунэтIар псы кьиуГъуэ зэманым ди республикэм и гидроэлектростанцхэр я льэщагъ псомкIи зэрагъэлэжьэныр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Шэрэдж щIыналъэ

Гъатхэ Iуэху къудейкъым

Шэрэдж щIыналъэ администрацэм щIыпIэхэр зэщIагъэкъабзэным теухуауэ зэIуэщIэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ дыкъэзыухъуреихь дунейр хуэмэныкмкIэ районым ис IэщlагъэлIхэр, администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

КЪАБЗАГЪЭ и лъэныкъуэкIэ зыхуей хуэгъэзапхьэхэм ящыщу кьагъэлъэгъуащ гъуэгубгъуэхэр, уней льапсэхэм я Iэтlуэблагъэхэр, фэеплъхэр здэщыт щыпIэхэр. Псом хуэмыдау гулъытэ хуащIынущ турист кIуапIэу гъэ псом щыт Гуэл Щхьэантlэмрэ Аушыджэр и псы хущхьуэ хуабэхэмрэ. Куэд зэрыщыгъуазэщи, мы щIыпIэхэм щIэх-щIэхыурэ кьокIуэ Урысей и щIыпIэхэм кьикI зыплъыхьакIуэхэр. «Абы кьыхэкIыу, щэбат щIыхьэку кьудейхэр машIэщ, гъэм и кIыхьагъкIэ а щIыпIэхэм я кьабзагъэм кIэлыплъын хуейщ», - кьыхигъэщащ Шэрэдж район администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Махьти.

Лэжьыгъэшхуэхэр щегъэжIуэкIын хуейщ Кьарэ-Су хуэкIуэ гъуэгум и Iуфэхэм, Иисли-Су и зыгъэпсэхупIэхэм, Балъкъэр Ищхьэ дэт фэеплъхэм я хъуреягъым, Гуэл Щхьэантlэм щыIэ шхапIэхэмрэ сату щIапIэхэмрэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Псы кьиуГъуэр къэмысу

«РусГидро» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм гъатхэ-гъэмахуэ псыдзэхэм зэрыпэщIэтыным зыхуеГъэхьэзыр.

МЫ IУЭХУМ теухуауэ комиссэ щхьэхуэ кьыхэрагъэпэщащ. Абы хагъэхьащ ОАО-м и кьудамэ щхьэхуэхэмрэ КъБР-м и «Ростехнадзор» Iуэхущапэмрэ я IэщlагъэлIхэр.

«РусГидро»-м игъэбелджылыа Iуэхуэхэм ткIийуэ тету комиссэм хэтхэм кьапщытэнущ кьудамэм кьеГъэщIылIа гидротехникэ хуэунэмыгъэхэр 2013 гъэм и псы кьиуГъуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзыр щыкIэр. Къэпщтэмэ, станцхэм щыплъырыну гупэкIэ ирагъаджэ, псыдзэм зэрыпэщIэтыну Iэмалхэм хагъэгъуазэ, псыкIэ нэхъ кьыщну щыпIэхэм щыпсэуэхэм чэнджэщ ират.

«РусГидро» ОАО-м и инженер нэхъыщхьэ Мысыр Мурадин кьыззэрыджиламкIэ, Iэнатlэ псоми иджыпсту лэжьыгъэ пыухыкIаХэр щрагъэкIуэкI. Аха накьыгъэ мазэм и пэщIэдзэм зэфIагъэкIыну я мурадщ, икIи нэхъыбэу зыхуэунэтIар псы кьиуГъуэ зэманым ди республикэм и гидроэлектростанцхэр я льэщагъ псомкIи зэрагъэлэжьэныр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Шэрэдж щIыналъэ

Гъатхэ Iуэху къудейкъым

Шэрэдж щIыналъэ администрацэм щIыпIэхэр зэщIагъэкъабзэным теухуауэ зэIуэщIэ иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ дыкъэзыухъуреихь дунейр хуэмэныкмкIэ районым ис IэщlагъэлIхэр, администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

КЪАБЗАГЪЭ и лъэныкъуэкIэ зыхуей хуэгъэзапхьэхэм ящыщу кьагъэлъэгъуащ гъуэгубгъуэхэр, уней льапсэхэм я Iэтlуэблагъэхэр, фэеплъхэр здэщыт щыпIэхэр. Псом хуэмыдау гулъытэ хуащIынущ турист кIуапIэу гъэ псом щыт Гуэл Щхьэантlэмрэ Аушыджэр и псы хущхьуэ хуабэхэмрэ. Куэд зэрыщыгъуазэщи, мы щIыпIэхэм щIэх-щIэхыурэ кьокIуэ Урысей и щIыпIэхэм кьикI зыплъыхьакIуэхэр. «Абы кьыхэкIыу, щэбат щIыхьэку кьудейхэр машIэщ, гъэм и кIыхьагъкIэ а щIыпIэхэм я кьабзагъэм кIэлыплъын хуейщ», - кьыхигъэщащ Шэрэдж район администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Махьти.

Лэжьыгъэшхуэхэр щегъэжIуэкIын хуейщ Кьарэ-Су хуэкIуэ гъуэгум и Iуфэхэм, Иисли-Су и зыгъэпсэхупIэхэм, Балъкъэр Ищхьэ дэт фэеплъхэм я хъуреягъым, Гуэл Щхьэантlэм щыIэ шхапIэхэмрэ сату щIапIэхэмрэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэфIагъэкIахэм ятеухуауэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий Къэрал Думэм мэлыжьыхьым и 17-м кьыщыпсэльэнущ.

«Премьер-министр Медведев Дмитрий иджы ящу Къэрал Думэм и депутатхэм я пащхьэм щытепсэльыхьынущ Правительствэм и Унафэщым и блэкIам зэриГъэзэщIам». Апхуэдэу журналистхэм дыгъуасэ къажриIащ Правительствэм и Унафэщым и пресс-секретарь Тимаковэ Наталье.

Думэм и Унафэщым и къудзэ Мельников Иван зэрыжиIамкIэ, фракцэхэм я упщIэхэр Правительствэм Iэрагъэхьэн хуейщ гъатхэпэм и 18 пщIондэ.

Хуиту зэкIэлыкIуэн щхьэкIэ

УФ-м хамэ къэрал Iуэхуэхмкlэ и министерствэм и лЫкIуэ Азимов Аиварр Европэ комиссэм и унафэщI нэхъыщхьэ Мансервизи Стефанэрэ Москва щыпсэуIущIащ.

Ахэр тепсэльыхьащ Урысей Федерацэм и цIыхухэмрэ Европэ Союзым хэт къэралхэм щыпсэухэмрэ визэншэу зэкIэлыкIуэну хуит щIыным теухуауэ нэхъапэм яубзыхуа Iуэхуэхэр зэрыкIуатэм. Абы хуэунэтIа зи чэзу лъэбакьуэкэр ячауэ жыпIэ хъунущ. Псальэм папщIэ, Iуэху пIащIэгъуэкIэ, куэдри щымыIэну дыдейхэр Европэм кIуэми, езыхэр ди деж кьакIуэми виз эн лъэныкъуэм адрейм пимыубыдыным теухуа дэфтэрыр хьэзыр зэрыхьуар кьыхагъащащ.

А зэIущIэм и ужькIэ Мансервизи Iущ Iащ УФ-м хамэ къэрал Iуэхуэхмкlэ и министрым и къудзэ Мешков Алексей. Абыи щытепсэльыхьащ визэншэ хабзэм техьэным епIэщIэкIын зэрыхуейм.

Я мыарэзыныгъэ къагъэлъагъуэ

Испанием и кьалэ 60-м я узрамхэм кьыдыхьащ правительствэм иригъэкIуэкI экономикэ политикэр зымыдэ минищэкIэ. ЦIыхухэр игъэгубжьащ кIуэ пэми нэхъ псэуГъуэй зэрыхьум, лэжьащIэщхэм кьызэрыхъхьэм.

ПсэкIуэхэр кьызэрагъэпэщащ автомобиль промышленностым, телевидеэм, ухуэныгъэм, узынщагъэхъуэмэным, полицэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэми я профсоюзхэм - псори зэхэту жылагъуэ зэгухьэныгъэу щэм щIигъум.

«ЦIыхуэхэр зыхуэныкъуэхэм трагъэкIуадэхэр Рахой Мариано и правительствэм зэриГъэмащIэм кьрикIуэращи, лэжьапIэншэхэр махуэ кьэс нэхъыбэ ещI, Испанием щыпсэухэм я псэукIэр иregъэкIакIуэ, - кьыхигъэщащ ЛэжьакIуэбэм я зэгухьэныгъэ зэхэтым и унафэщI Мендес Кандидэ Мадрид кьыщызэхуэсахэм я пащхьэм кьыщыщыпсальэм. - Абы кьыхэкIыу, ди правительствэм ткIийуэ худогъэув, банкирхэм я Iуэху зэрыдэкIыным хуэунэтIа политикэм кьыпыкIыу, цIыхубэм я сэбэп зыхэпхъэм хуэунэтIа лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIыну».

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 12, *гъубж*

t Тезырхэр щрагъэнпыныж Iуэхущапэм и лэжьакIуэм и махуэщ. 1879 гъэм гъатхэпэм и 12-м Урысейм и пащтыхь Александр ЕтIуанэм унафэ кьыдиригъэкIащ Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэм епха тутнакъыр департамент кьызэгъэпэщыным теухуауэ. Абы кьыдежьащ Урысейм тезырхэр щрагъэпэщыныж Iуэхущапэ иIэныр.

t 1917 гъэм Урысейм пащтыхьыр щытрадзащ.

t 1918 гъэм Совет къэралыгъуэм и кьалащхьэу ягъэуващ Москва кьалэр. Гъатхэпэм и 11 - 12-хэм правительствэ IуэхущапIэхэр Петроград кьыдашри, Москва къагъэIэпхъуауэ щытащ.

t Рабочэ, сэлэт депутатхэм я Петроград Советыр кьызэрагъэпэщащ.

t Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щыхь зиIэ я лэжьакIуэ **КIэрэф Къамболэт** кьызэралъхуэр илъэси 101-рэ ирокъу.

t УФ-ми Адыгэ Республикэми щIыхь зиIэ я сурэтыщI **Къат Теувэж** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

t Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хъурей Арсен** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIынур

<pogoda.yandex.ru> сайтым кьызэрытмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 9 - 11 щыхьунущ.

Гъатхэпэм и 13, *бэрэжьей*

t 1733 гъэм франджы литературэм и классик Аиссе ХьэIишэт цIыхуэм ехьажащ.

t 1917 гъэм «Известия» газетым и яп номерыр кьыдэжIащ.

t 1955 гъэм ШынагъэншагъэмкIэ Къэрал Комитет (КГБ) кьызэрагъэпэщащ.

t Композитор, УФ-ми КъБР-ми гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Шейблер Трувор** кьызэралъхуэр илъэси 113-рэ ирокъу.

t Социалист Лэжьыгъэм и ЛЫхьужь, Лениным и цIэкIэ щыIэ, СССР-м и Къэрал саугъэтэхэм я лауреат **Михалков Сергей** кьызэралъхуэр илъэси 100 ирокъу.

t УФ-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шумахуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

t Къэрал лэжьакIуэ, социологием и доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, АКъУ-м и ректор **Хъунэгу Рэшид** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкIынур

<pogoda.yandex.ru> сайтым кьызэрытмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 15, жэщым градуси 7 - 9 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Мариэт.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Удэмэ - Iуданэ, убзэмэ - бзыхьэхуэ.

● Футбол

«Металлург-Кузбасс» - «Спартак-Налшык» - 0:0

Урысей Федерацэм футболымкIэ и апэ дивизионым 2012 - 2013 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм дыгъуасэ щIидзэжащ. Абы ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкыр» Новосибирск кьалэм Новокузнецк и «Металлург-Кузбасс»-м щыIэдзэжгъати, бжьыгъэр кьызэIуамыхьауэ лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкIыжащ.

Джэгур зэрекIуэкIамрэ абы нужьмкIэ турнир таблицэм игъэта тепльэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди гъэзетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Республикэм щыпсэуухэм ящIэн папщIэ

IУЛЪХЬЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

● Егъэджэныгъэ

Сыт щIэуэ хилъхьэнур?

«Урысей Федерацэм егъэджэныгъэ Iэнатlэр зэрыщыгъуэм и Iуэхуэкlэ» законыщlэм егъэщlыла лэжьыгъэр зэфlагъэкlащ, ар кьащтащ. Абы ди къэралым ныбжьыщlэхэм щlэныгъэ зэрыщрагъэгъуэт щыкlэм зэхъуэкlыныгъэ инхэр хельхьэ. Ахэр хуэгъэзащ цыхуэр, жылагъуэр, къэралыр зыхуэфlэхэм. Зи гугъу тщlы законым хэть Iуэхугъуэщlэхэм топсэльыхь КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и комитетым и унафэщl Дадэ МуIэед.

- Хабзэщlэ къащтэн хуей щlэхъуам сыт и щхьэусыгъуэр?

- «Егъэджэныгъэм и Iуэхуэкlэ», «Щlэныгъэ нэхъыщхьэ зэрызрагъэгъуэт, абы иужькlэ Iэщlагъэм зэрызагъахъуэ щыкlэм и Iуэхуэкlэ» федеральнэ законхэм иужь ильэсищlым зэгъэзэхуэжьыныгъэхэу 200-м щигъу хальхьащ. Iуэху щхьэхуэхэм хуэгъэзауэ а хабзэхэм зэпымыIуэу хальхьэ зэхъуэжьынныгъэхэр езыдокументым щыгъэбеледжьлам нэхърэ нэхъ кIыхьыж хъуащ. Абы кьыхэкIыу 2009 гъэм ирихьэлIэу егъэджэныгъэмкlэ законодательствэр щlэрыщlэу зэгъэжьужьи хуейуэ кьалэн къэуватlи, Урысей Федерацэм и Правительствэм хабзэгъэуэ лэжьыгъэмкlэ и комиссэм 2009 гъэм мэкъуэуэгъуэм и 1-м зэхильхьащ зи гугъу тщlы законым и проектым ильбжьэ хуэзщlу хъунур икlи ар зыгъэхъэзырыну лжьакlуэ гуп къыз эригъэпэщащ. Абы хагъэхьащ гъэзэщlакlуэ властым и федеральнэ органхэм, Къэрал Думэмрэ Федерацэмкlэ советымрэ я щыщlэхэр, щlэныгъэ егъэджэныгъэ Iэнатlэхэм я лыкIуэхэр, лэжьыгъэ щIыхуэхэм езытхэр.

Законыщlэм ильэсищкlэ елэжьащ. Iуэхум зи сбэлп хэль дэтхэнэрэ проектым щытепсэльыхь хъуну щытащ Интернетым и сайт щхьэхуэм. Абы Къэрал Думэм щlэныгъэмкlэ и комитетым зи гъэзэхуэжьакIуэ 1600-м нэблагъэ Iэрыхьащ, абыхэм ящыщу 550-м щIигъуэм арэзы техьащ. А псоми я фIыгъэкlэ Думэм кьищтащ сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщэча зэхъуэжьынныгъэхэм тещIыхьа хабзэр. Пэжщ, иджыри, гъэ сыз зэрепльмкlэ, абы хагъэхьащ ущIыздзауэ хъуну Iуэхугъэр.

- Цlыхуэхэм Iэщlагъэ езыт щlэныгъэм Урысейм зыщIучжьынымкlэ щlиэ Iэмалхэр сыт хуэдэу кьэпльытэрэ? Сыт абы кьыпэплъэр кьэкIуну зэман гъунэгъу дыдэм?

- Законым Iэщlагъэ щIыхуэхэм езыт щlэныгъэр Iыхьлыгъэщхьэщхьэщегъэкlэ: курыт профессионально щlэныгъэ, щlэныгъэ нэхъыщхьэ - бакалавриат, щlэныгъэ нэхъыщхьэ - специалитет, магистратурэ, щlэныгъэ нэхъыщхьэ - зи Iэщlагъэм куу дыдэу хэзыщlыкl лэжьакlуэхэр гъэхъэзырыныр.

Iэщlагъэмкlэ курыт щlэныгъэ зэрырагъэгъуэт хабзэм тету ягъэхъэзырынущ зи Iэщlагъэм кууу хэзыщlыкl лэжьакlуэхэр, курыт Iэнатlэм пэрытыну IэщlагъэлIэр. Абыхэм хуэдэж хъунущ хэти (творческэ Iэзагъ ябгъэщlыныр, узынщагъэ бдзэ яIэну кьэзыгъэуэ Iэнатlэхэр хэмэту).

Щlэныгъэм, педагогикэм и лэжьакlуэхэм щlэныгъэ нэхъыщхьэм и лъагапlэщlэхэр зэрызыхьагъэхьэм (аспирантурэ, адъюнктурэ) егъэкlуэхэм Iэмал ярет диссертацэ лэжьыгъэр зэрыпхагъэкIым и мызакъуэу, школ нэхъыщхьэм щрагъэжьэну хуитынырэ яIэну.

Законыщlэм иджы япэ дыдэу хабзэкlэ щыщlэгъэбладащ къэрал аккредитацэ зиIэ, ауэ къэралым имей еджапlэхэм пщlэншэу щlэныгъэ щызрагъэгъуэтынымкlэ Iэмалыр.

Зэхъуэкlыныгъэ инхэр яльэIэсащ еджапlэ нэхъыщхьэхэм зэрыщlагъэтlысхьэ хабзэхэрэм. Экзаменыншэу щlагъэтlысхьэныжьмкlэ хуитыныгъэ кьыхуагъэнэжащ школ лакlуэхэм я урысейпсо олимпиадэм щlытекIуахэмрэ екъулIэныгъэфI къэзыгъэльэгъуахэмрэ, апхуэдэу спортсмен Iэзэ дыдэхэм (Олип Джэгуэхэм, дунейпсо, европэ зэпеуэныгъэхэм щытекIуахэм, увыпIэфI щызыубыдахэм). Нэхъапэм зэпеуэм хъмыту щlэтlысхьэну хуэгъэкIуатэ зиIа куэдым Iэмал ягъуэтащ вуэхэм щlагъэтlысхьэнуэр щагъэхъезэвыр кьудаж мэхэм пщlэншэу щеджэну. Апхуэдэ хуэгъэкIуатэ яIэщ сабий ныкъудыкьуэхэм, зэрысабийрэ ныкъудыкьуэхэм, дэзм кьулыкъу щащIэу е къэсымаджэу ныкъудыкьуэ хуэхэм (псори зэхэту щlагъэтlысхьэхэм я процентитIым нэсым). Апхуэдэ хуитыныгъэ щхьэхуэхэр кьаГъэсэбэп щыхьнуур кьрагъэ аккредитацэ зиIэ зи еджапlэ нэхъыщхьэм я тхылъэр иратмэщ.

Законым щIигъэбыдащ университетхэр зэщхьэщыгъэкlыныр и хабзэр. Абы ипкъ иткIэ урысей университет нэхъыщхьэхэу кьалыытэ МГУ-мрэ СПбГУ-мрэ. Ахэр федеральнэ, лъэпкъ-кьэхуитакIуэ университетщ, хуит ящащ зэрырагъажьэ пщlалъэхэр езыхэм зэрызыужьыну икIи экзаменхэм езыхэр зыхуей дыщlагъуну.

- МуIэед, законыщlэм ныкъусаныгъэ гуэри хэмылъу ящIэ хуэпI?

- Кьыз эрыщlыхэзгъэщащи, кьащта законыр куэдкlэ нэхъыкlыщ цыхубэр тепсэльыкьын папщlэ нэхъапэм кьылахльхьауэ щыта проектым нэхърэ. Куэд щыIэзэныкъуэхуэ Iуэхуэхэр иужькlэ хагъэкlащ. Арщхьэкlэ сэ кьызольытэ гъэтэмэныкьын куэд гъэхэхэр ящынаУ.

«Егъэджэныгъэм и Iуэхуэкlэ» закон щыIам идэртэкъым кьуажэм щыпсэухэм я зэхъуэсым унафэ кьымыщтауэ кьуажэ школхэр зэхуащlу. Хабзэщlэм щыубзыхуащ апхуэдэ унафэ ящI мыхъуну кьуажэм щыпсэухэм я Iуэху епльыкIэхэмрэ кьуажэдэсхэм я зэхуэсым кьищта унафэмрэ зэщхьэщокI.

Япэ щыкlэ я мурадащ педагог лжьакlуэхэм я курыт улахуэр щыналъэм щызекIуэ курыт лэжьапlщэм нэхърэ нэхъ мащIэ щыт мыхъуну ягъэувыну. Арщхьэкlэ иужькlэ ятхащ щыналъэ еджапlэхэм я педагог лэжьакlуэхэм я улахуэхэр ахэр зыщыщ щыналъэхэм щызекIуэ курыт улахуэм нэхъ мащIэ мыхъуну. Псоми зэрытщlэщи, педагог-гъэр ягъэувы пщалъэхэм щхьэдэхэуу щылажьэ кьохьу. Нэхъ тэмэму кьыщlэкIынт педагог лэжьакlуэм пщалъэкlэ щыналъэкlэ щыгъэнэ сыхьэт бжыгъэм икIу яту хуэзэ и улахуэр а щыналъэм икIу иту щызекIуэ улахуэм нэхърэ нэхъ мащIэу щытыну хуэмейуэ къаГъэльэгъуну.

Апхуэдэу ипэрей законым щыубзыхуат сабийр зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щаIыгъ Iуэхущlапlэм зэрагъакIуэм текIуадэм и процент 20-м фIэкIа адэ-анэхэм я кIэтIи хуэмейуэ. Законыщlэм апхуэдэ мардэхэр кьыщыгъэльэгъуакъым икIи сабий садыр зейр хуитщ адэ-анэхэм кьыIаХынур зыхуэдизыр езым игъэувыну. Адэ-анэхэм ахъщэм и нэхъыбэр трамыгъэщlэну пIэрэ?

Законым МГУ-м, СПбГУ-м, федеральнэ университетхэм, лъэпкъ кьэхутакIуэ университетхэм егъэщlыла Iуэхуэхэр зэпкърыхауэ щыубзыхуащ, арщхьэкlэ абы и гугъу ящIырыкъым щыналъэ, Iэнатlэ щхьэхуэхэм егъэщlыла еджапlэ нэхъыщхьэхэм. Абы а Iуэхущlапlэхэм щеджэхэмрэ щыналъэхэмрэ имыгъэпIейтеинкlэ Iэмал иIэкъым. Хэт еджапlэ нэхъыщхьэхэм ахъщэ зэрытынур, сыт кьапэплъэр?

Абы кьыщэкIуэу сэ кьызолытэ щlэныгъэ зэрырагъэгъуэт пщалъэщхьэм щытепсэльыхьым, кьащlэтэжм, литературэмкlэ нэхъ кьэхуэ ныкъусаныгъэхэм, ди сабийхэр щыхьэмэн хуейуэ. Псалъэм и хьэтыркlэ, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэр кьэрал пщlалъэхэм зэхъуэжьынныгъэ ин дыдэхэр хилъхьэну зэрыхуэщlокIым. ИкIэм-икIэжьым абыхэм кьаашэнкlэ хьунущ егъэджэныгъэ Iэнатlэм пщlэкlэ щащIэ Iуэхутхьбзэхэм хэхъуэнкlэ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, федеральнэ министерствэм щыщ кьылыкъущlэхэмрэ Iэщlагъэлlэхэмрэ педагогхэм, адэ-анэхэм, еджапlэхэм жаIэр зэхаухькым. Президентыр зэмыIабауэ, абыхэм я Iуэху бгъэдыхьэм зихъуэжьыну кьыщlэкIынкъым.

Си псалъэм и кIэухэуу кьыхэзгъэбеледжьлыкIыну сыхуейт иужь ильэсипщlым ди къэралым щыхуэхэр зэрыщlагъаджэ щыкlэм хуабжьу зэрызихъуэжар. Мы Iуэхум ахъшэшхуэ трагъэкIуэдащ. Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрыхьунщи, щыхуэхэр зэрырагъаджэм и фIагъым и пэжкlэ зэхъуэжьынныгъэ игъэутакъым. Путин Владимир 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Зыщыхуитыгъаэм щыкlэ зэрырыгъащlэ, «Егъэджэныгъэ Iэнатlэр тещIыхьын хуейщ щы Iуэхум хуэщlа, щlэныгъэ хуэщlа, щlэныгъэ зыбгъэдлъ егъэджакIуэхэм. Ахэр егугъуу кьыхэхьын, сакъыу хьумэн, ядэIэпыкlуэн хуейщ...».

Абы щыгъуэми, Iуэхум сыт и лъэныкъуэкIи хуэщlа, щlэныгъэшхуэ зыбгъэдлъ егъэджакIуэхэр щколым щыкIуэнур Урысейр зэпIэзэрыту икIи лъэщу зызыужь кьэралу щытынщи школ, ву я егъэджакIуэхэм куэдкlэ зэрелытыр кьыдгурыIуэ иужьщ. Арыншамэ, Урысейр кьухьэпIэ кьэралхэм я джэгупIэу щытынущ.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ, *КьБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.*

● ЗэIущIэхэр

Къегъэлакlуэхэмрэ хъыбарегъащlэхэмрэ

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыщым и Iуэхущlапlэм Сергей республикэм и хъыбарегъащlэ Iэнатlэхэм я унафэщlхэм, федеральнэ хъыбар агентствэхэм я лыкIуэхэм яIущlащ.

ПОЛКОВНИК Шагиным жиIащ республикэм и хъыбарегъащlэ Iэнатlэхэмрэ я Iуэхущlапlэхэмрэ зэрызэдэлажьэм арэзы кьызэрищlыр. КьыжиIащащ къэхъуэкlащlэхэм теуха хьыбархэр и чэзум хэIущlыIэ зэрращlыр.

Ильэс кIуам и бжыгъэм тепщlыхьымэ, 2012 гъэм телевиденэм сюжет 50 игъэлъэгъущ, радиом хъыбарри 146-рэ игъэIуащ, газетэм тхыгъэ 204-рэ кьытехуащ.

Адэкlэ Шагин Сергей кьыбгъэдэIащ гу лъэIу зыльытапхъэхэм. Псалъэм папщlэ, щыху куэд щызэхуэс щыпIэхэр шынагъэнlащэу щытынымэ унафэщlхэм хуэфащэ гулыитэ хуащIыркъым. Къапщтэмэ, гуэл Iуфэхэм кьеГъэлакIуэхэр щыпсэкъым зэрыщlар, иужьрей ильэситым псым итхьэлар хуэдэ хъуащlкlэ кьэхьбащ мафIэсым хэкIуадэм нэхърэ.

Управленэм и унафэщlыр тепсэлпъхьащ. Гпныр-дистепчер кьулыкъу зэгъэуIуа кьызэрызэрагъэпэщам, сыт хуэдэ гуэзэвгъуэ кьэхъуныкъащlэхэмкlи епхауэ 112 номерымкlэ щIыхуэхэр псалъэ зэрыхъунум зэрыхуэкIуари кьыхигъащlащ.

Iуэхущlапlэр зыхуэей-зыхуэфIкlэ кьызэрызэгъэпэщам теуха упщlэм жэуап щритым. Шагиным жиIащ къегъэлакIуэ гупхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрызэщlуэзэдар. Щытыкlэр нэхъ щыгугъуу мафIэсым пэщlтыныжьмкlэ щIыналъэ Iэнатlэхэм. Илъэситхум мафIэсгъэнкIыфI части 9-м зы автомашинэщlэ я|зрыжьакъым, КъБР-м и Правительствэм абы текIуэдэн мыльку зэримыIэм кьыхэкIыну.

МЧС-м и Управленэм и Iэжьакlуэхэр нэхъ зытегъуэзвэхь Iуэхуэхэм ящыщщ бгыхэм дэкIэхэм зезымыгъэтх куэду къаззэрыхэкIыр. Зэ|уIащlэкlуэкI махуэм ирихьэлIэу кьеГъэлакIуэхэм я учетым щытащ цыхуэ 16 зыхэт гупи 4, ауэ зезымыгъэтхэщ бгым кIэрыхьахэр куэдкlэ кьэхьбэщ. Абыхэм кьеГъэлакIуэхэм хъыбар щрагъащlэр гуэзвгъуэ кьэхьуэмэщ.

Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщlым кьызэрызэгъэхэр зыщlэуупщlахэм жэуап яритыжащ, зэрызэдэлажьэ щыкlэм нэхъри зрагъэужьмэ зэригуапэ жиIащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Коллегие

Мурадхэр инщ, ауэ узыпэлъэщынщ

Апхуэдэ гупсысэм нэхъ тегъэщlагъуэ щытащ КъБР-м Цlыхуэ хъыбарегъащlэ Iуэхущlапlэхэмкlэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкlэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащlэ Къумахуэ Мухьэдин езыр зи унафэщlу Iуэхущlапlэм 2012 гъэм зэфIэкIэкIэмрэ дыдэрэ щIыхуэ кIыхьыж, жылагъуэ, дин, лъэпкъ Iуэхуэхэм техуауэ зи ильэс блэкIам кьриубыдэу Iуэхугъуэ 400-м щигъу иригъэкIуэкIащ. Абыхэм хэтащ цыху мин 34-м щигъу.

Псалъэм папщlэ, гулытэ хуащI ди хэкуэгъу кьэIэпIэхуэжкъм. Сирие Хьэрпып Республикэм кьикIыж адыгэхэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIащ министерствэм зэхуэс 20 ящыщ зэрыкlэкIащ Iуэхущlапlэхэм я лыкIуэхэр хэту. Къэлэпхъуэжьхэм щыщу цыхуэ 100-м кьхуэдахащ Урысей Федерацэм и цIыхуу зэрыщытым щыхьэт техьуэ тхыль. Ди хэкуэгъуэхэм папщlэ ахъшэу зэхуахьэсамкlэ Прохладнэ, Бахъсэн, Лэскэн щIыналъэхэм республикэм и пресс-Iуэхущlапlэхэмрэ цыхуэ хьыбарегъащlэ Iэнатlэхэмрэ я Iуэхущlапlэхэм зэрызэдэлажьэм арэзы кьызэрищlыр. КъыжиIащащ къэхъуэкlащlэхэм теуха хьыбархэр и чэзум хэIущlыIэ зэрращlыр.

Ильэс кIуам и бжыгъэм тепщlыхьымэ, 2012 гъэм телевиденэм сюжет 50 игъэлъэгъущ, радиом хьыбарри 146-рэ игъэIуащ, газетэм тхыгъэ 204-рэ кьытехуащ.

Адэкlэ Шагин Сергей кьыбгъэдэIащ гу лъэIу зыльытапхъэхэм. Псалъэм папщlэ, щыху куэд щызэхуэс щыпIэхэр шынагъэнlащэу щытынымэ унафэщlхэм хуэфащэ гулыитэ хуащIыркъым. Къапщтэмэ, гуэл Iуфэхэм кьеГъэлакIуэхэр щыпсэкъым зэрыщlар, иужьрей ильэситым псым итхьэлар хуэдэ хъуащlкlэ кьэхьбащ мафIэсым хэкIуадэм нэхърэ.

Управленэм и унафэщlыр тепсэлпъхьащ. Гпныр-дистепчер кьулыкъу зэгъэуIуа кьызэрызэрагъэпэщам, сыт хуэдэ гуэзвгъуэ кьэхъуныкъащlэхэмкlи епхауэ 112 номерымкlэ щIыхуэхэр псалъэ зэрыхъунум зэрыхуэкIуари кьыхигъащlащ.

Iуэхущlапlэр зыхуэей-зыхуэфIкlэ кьызэрызэгъэпэщам теуха упщlэм жэуап щритым. Щагиным жиIащ къегъэлакIуэ гупхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрызэщlуэзэдар. Щытыкlэр нэхъ щыгугъуу мафIэсым пэщlтыныжьмкlэ щIыналъэ Iэнатlэхэм. Илъэситхум мафIэсгъэнкIыфI части 9-м зы автомашинэщlэ я|зрыжьакъым, КъБР-м и Правительствэм абы текIуэдэн мыльку зэримыIэм кьыхэкIыну.

МЧС-м и Управленэм и Iэжьакlуэхэр нэхъ зытегъуэзвэхь Iуэхуэхэм ящыщщ бгыхэм дэкIэхэм зезымыгъэтх куэду къаззэрыхэкIыр. Зэ|уIащlэкlуэкI махуэм ирихьэлIэу кьеГъэлакIуэхэм я учетым щытащ цыхуэ 16 зыхэт гупи 4, ауэ зезымыгъэтхэщ бгым кIэрыхьахэр куэдкlэ кьэхьбэщ. Абыхэм кьеГъэлакIуэхэм хъыбар щрагъащlэр гуэзвгъуэ кьэхьуэмэщ.

Управленэ нэхъыщхьэм и унафэщlым кьызэрызэгъэхэр зыщlэуупщlахэм жэуап яритыжащ, зэрызэдэлажьэ щыкlэм нэхъри зрагъэужьмэ зэригуапэ жиIащ.

ЗЭБАР Мадинэ.

Ильэси 134-рэ ирокъу

● Нобэ

Хабзэ зэрыхъуауэ, Урысейм и уголовнэ-гъэзэщlакIуэ Iэнатlэм (УИС) и лэжьакIуэм и мазхуэр гъатхэпэм и 12-м ягъэльапIэ. А Iэнатlэр езыр ильэси 134-рэ ирокъу.

УРЫСЕЙ император Александр III 1879 гъэм гъатхэпэм и 12-м Iэ щIидзауэ щытащ Лъэхъуэщ управленэ нэхъыщхьэ къызэрызэпэщыжьынымкlэ теухуа унафэм. Урысейм Тезырхэр ирегъэхьэкIынымкlэ и Iэнатlэм зыужьынныгъэ нэхъыбэу щигъуэтар XIX лIэщIыгъуэм и 60 - 90 гъэхэрщ.

КъБР-м и япэ уголовнэ-гъэзэщlакIуэ Iуэхущlапlэм кьежьапIэ хуэхъуащ 1920 гъэр - щIэпхьаджагъэ зыщlар щаIыгъ унэхэр кьыщыззIуэхам. Ильэсищ дэкIри ахэр Тезырыр щрахьэкI щIыпIэхэмкlэ управленэ нэхъыщхьэм гъэхьащ. 1927 гъэм Тезырхэр щагъэзэкIуэж унэ хъуащ.

30 гъэхэм и кIэухым республикэм тезырхэр щагъэзэкIуэжьащ лагерхэр, абы и пунктхэр кьыщыззIуахащ. Ахэр ГУЛАГ-м и нэIэм щIэтт. Абы щыгъэ Налшык кьалэ и Пятигорск уэрамым лэжьэн щыщIидзауэ щытащ тезырыр щагъэзэкIуэж-лэжьыгъэ колоние №1-м. Апхуэдэ колоние №2-р Прохладнэ куэйм хьихьэ Советхэ жылагъэм 1942 гъэм кьыщыззIуахащ.

Уголовнэ-гъэзэщlакIуэ Iэнатlэм зэхъуэкIыныгъэ, зыужьынныгъэ куэд игъэутащ. 1960 гъэм кьыщыщIидзауэ тезырхэр щагъэзэкIуэж Iуэхущlапlэм зэрреджэр куэдрэ яхъужащ. 1970 гъэм щагъэтIыс щIыпIэхэмкlэ куэдамэр тезырыр щагъэзэкIуэж-щылажьэ Iуэхущlапlэхэмкlэ куэдамэм (СИТУ) хуагъакIуащ икIи абы и унафэщlу Игъэуващ Хэку зауэшхуэм офицеру хэта Гончаренкэ Михаил. Аращ зыхуари кьызэIуэзыхари Каменскэ туф карьер ИТК-3-р.

Тезырхэр щрахьэкI Iэнатlэм и унафэщlу кьулыкъум пэрытхэм ящыщщ Шиманский Николай, Абазэ Мухьэмэд, Гончаренкэ Михаил, Любимов Леонид, Шелепов Михаил, Кьунаш Безрыкьуэ, Бечелов Ильяс, Абыдэ Ахьмэд, КIуэкIуэ Мухьэмэд. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми УФСИН-м и зыужьынныгъэм хэлъхьэнныгъэшхуэ хуищlащ.

2011 гъэм и гъатхэпэм Урысей ФСИН-м и Iэхъуэщlапlэр КъБР-м щыIэм и унафэщlу кьулыкъуэм пэрыуящ Федоров Василий. Абы и лэжьыгъэр трещIыкъ 2020 гъэ пщIондэ уголовнэ-гъэзэщlакIуэ системэм Урысей Федерацэм зэрызыужьынымкlэ щIыкIэм теуухауэ ягъэбелджыла Iэхъуэхэм.

Iэхъуэщlапlэм и лэжьакIуэхэм папщlэ Каменскэ поселкэм, Налшык кьалэм псэупIэхэр щаухуащ, медицинэ Iэхъуэгъэзэкlэр щагъэуэтынну Iэхъуэщlапlэ кьызэIуахащ, УИС-м и лэжьакIуэхэм, абыхэм я унагъуэхэм, ветеранхэм я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ, зыщlагъэпсэху Кировым и цIэр зезыхьэ санаторэм.

КъБР-мкlэ УФСИН-м и лэжьакIуэхэми ягъэзащlапlэм зэрреджэр куэдрэ яхъужащ. 1970 гъэм щагъэтIыс щIыпIэхэмкlэ куэдамэр тезырыр щагъэзэкIуэж-щылажьэ Iэхъуэщlапlэхэмкlэ куэдамэм (СИТУ) хуагъакIуащ икIи абы и унафэщlу Игъэуващ Хэку зауэшхуэм офицеру хэта Гончаренкэ Михаил. Аращ зыхуари кьызэIуэзыхари Каменскэ туф карьер ИТК-3-р.

Тезырхэр щрахьэкI Iэнатlэм и унафэщlу кьулыкъум пэрытхэм ящыщщ Шиманский Николай, Абазэ Мухьэмэд, Гончаренкэ Михаил, Любимов Леонид, Шелепов Михаил, Кьунаш Безрыкьуэ, Бечелов Ильяс, Абыдэ Ахьмэд, КIуэкIуэ Мухьэмэд. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми УФСИН-м и зыужьынныгъэм хэлъхьэнныгъэшхуэ хуищlащ.

2011 гъэм и гъатхэпэм Урысей ФСИН-м и Iэхъуэщlапlэр КъБР-м щыIэм и унафэщlу кьулыкъум

Къэрмокъуэ Мухьэмэд
1946 гъэ

***Къэрмокъуэ Мухьэмэд Мэшыкъуэ и къуэм и унафэм сыщIэту, и гъусэу Зеикъуэ къуажэм Кировым и цIэр зэрихьэу иIа колхозым сыгъэрыщIодлэжьар, абы десхьэкIа зэманыр си гъащIэм и лъэхъэнэ нэхъ насыпыфIэ дыдэу си нэгу кьыщIоувэжм. Сэ сроГуимхуэ, сроГуфIэ анхуэдэIа си къуажэм кьыгъэрыдэкIам, лъэужьыфI кьыгъэрыщинам. Мухьэмэд зэпыу имыIэу цIыхубзм хуэлэжьащ, Iуэжьыфl кьыгъэрищэкIащ. Си гуэлэщ абы и гъащIэ гъэзуанэм зэ дриплъэжмэ, щхьэпэ хъуну. Аращи, мы си гукъэкIыжкъм фытемызашэу зэ «фрикIуэмэ», си суапэ хъунт.**

КЪЭРМОКЪУЭР ди къуажэм щыщу псом япэ щIэныгъэ, Iэщлагъэ зэзыгъэрэуэтахэм ящ - Ленин кьалэ цIыкIуэм кооперацэ Iуэхухэмкlэ и къудамэр кьиуащ. Къэбардей-Балъкъэрым щынэхъапэхэм ящыщ зыуэ абы Зеикъуэ «ТОЭ» къыщыгъэрыгъэхъащ. ЗэфIэкI зиIэ щIалэщIэр 1929 гъэм Бахъсэнстройм и парткомым и секретару ягъакIуэ. Арати, зиIэтуэр 1931-1932 гъэхэм партым и обкомым и инструктору, БКП (б)-м и Нагорнэ райкомым и секретару мэлажьэ. 1932 - 1934 гъэхэм былым лъэпкыфI щагъэхъу «Къэбэрдей» совхозым и тхьэмадэщ. Нэхъ ныжькIэ Iэщлагъэ зэзыгъэрэуэтахэм ящ - Ленин кьалэ цIыкIуэм кооперацэ Iуэхухэмкlэ и къудамэр кьиуащ. Къэбардей-Балъкъэрым щынэхъапэхэм ящыщ зыуэ абы Зеикъуэ «ТОЭ» къыщыгъэрыгъэхъащ. ЗэфIэкI зиIэ щIалэщIэр 1929 гъэм Бахъсэнстройм и парткомым и секретару ягъакIуэ. Арати, зиIэтуэр 1931-1932 гъэхэм партым и обкомым и инструктору, БКП (б)-м и Нагорнэ райкомым и секретару мэлажьэ. 1932 - 1934 гъэхэм былым лъэпкыфI щагъэхъу «Къэбэрдей» совхозым и тхьэмадэщ. Нэхъ ныжькIэ щыIэ парт, хозяйствэ унафэщIу нэгъэщIэ щIыпIэхэми ягъакIуэ.

Нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэм ди республикэр яубыдыж и пэкIэ, ди къуажэм Кировым и щIэр зезыхь и кольхозыщхуэм и унафэщIу щытащ. 1942 гъэм Накьыгъэм и 1 махуэшхуэм Инщэ фронтым и сэлэтхэм саутъэт яхуэзыша лЫкIуэхэм яхэтащ. ЖаIэ абы щыгъуэ дзэ кьулыкъушхуэ зиIа Малиновский Родион Мухьэмэд «колхоз генералкIэ» кьеджауэ щытауэ.

Инэралым хуэдэт ар икIи. Нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэр ди Хэкум кьыщыштеуа 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м абы зы ут ирагъэкIуэ. Iуащ къуажэм балигъ хъуауэ абы емыкIуэлIа зы цIыхуи кьэнатэкъым жыпIэ хъунущ. Къуажэм инщэкIи, инщхьэрэкIи, и бгъуитIми кьыщыльтэ гъавэ щIапIэхэм, жыг хадэм щылажьэхэм, Iэщцыхъуэхэм ящыщу зы цIыху губгъуэм кьинатэкIым.

Мухьэмэд угыр кьыззIуиухри, щIызхуэса Iуэхум тепсэлъыхьу щIидзащ. Зытепсэлъыхьыр гурыIуэгъуэу, гъэхуауэ, жьакIуэу яжреIэ: «Нобэ дэ нэмыщхэм дзыыхадза зауэр икьукIэ гуащIэщ, псынщIэуи зэфIэкIынукьым. Сэ фыкьыхуэдджэ щхьэж хуэзфIэкIыр а зауэ зугурысыар нэхъ пасэу и хъыным хуэзщIэвгъэщIуэну, бийм дытекIуэн папщIэ, кьиКIуэт фимыIэу сыт хуэдэ гугъуехьми фыпэщIэтыну. Апхуэдэу сыныволъэIу и Хэкум епщIыж, бийм игъэделэ кьыфхэмыкIыну. Нэхъыжьхэм ящIэж 1917 - 1921 гъэхэм - Октябрь революцэм щыгъуи, адкIэ граждан зауэм щыгъуи ди къуажэдэсхэм зыми я мыIуэхуэзрызэрамыхуар, абы и фIыгъэкIэ ди жьыгъэм щыщ цIыху абыхэм зэрыхэмыкIуэдар. Фэрэ фи щхьэм фыхуэсакьыжмэ, бийм кIэщIэлъадэ къыфхэмыкIмэ, къуажэм лажьэ къыдэхъуэнкъым. Фигу ивгъэль: мы зауэм щытекIуэнур дэращ!»

Мухьэмэд апхуэдэу цIыхухэр хуинэтIырт мылькур, Iэщцыр биймэ ярымыгъэхьэным. Ар япэкIэ пльэрт, лэжьыгъэр губгъэгъу иубыхурт. Хозяйствэм былыму, шыуэ, мэл-бжэну куэд щIидзаIэт. Абыхэм ящыщу и Iэ кьызышекIуэкI кьимыгъанэу унагъуэхэм ятригуэшауэ щытащ яхъумэну. Абы и акьыл жаным и фIыгъэкIэ ди къуажэдэсхэр бэлэрыгъатэкьым. 1942 гъэм щыщхьIу мазэм, бийр ди къуажэм кьыщыдыхьам, зэрыжьIам хуэдэу, мылькур, Iэщцыр жыдэм хэгуэшат.

А лъэхъэнэм нэмыщэхэр Хьэрэкхъуэрэ щыгум щыззтеувыIат. Ди Дзэ Плъыжьым и частхэм Дыгъэмыхъуэм зыщагъэбыдат. ЛъэныкъуэтIми зэхэуэр яублэрэтэкъым. Апхуэдэуэ мамыру екIуэкIащ 1942 гъэм и щыщхьIурИ, фокIадэри, жьауэхуэм и 25 пшIондэ. 1941 - 1942 гъэхэм ищхьэмкIэ кьикIа унафэкIэ Дзэ Плъыжьым зыщигъэбыда щIыпIэхэм хиубыда колхозхэм, совхозхэм кьалэну кьыхуагъэуват частхэм я унафэщIхэм я тхьилъкIэ сэлэтхэм ирагъэшхыну былым, мэл-бжэн иратыну. Абы ипкъ иткIэ, Зеикъуэ и щIыналъэм зыщыдзыгъэбыда ди дзэм щыщ частхэм тхылъкIэ Iэщ иратащ, зауэ нэужьым кьэралым ипшынькьыну. А унафэм Iэщым пэрыт унафэщI курытхэри щыгъуазэ ищIащ, езы Къэрмокъуэм ар игъэзэщIащ.

«Колхоз инэралым» и хозяйствэм икьукIэ мылькушхуэ бгъэдэлът, псом хуэмыдэу Iэщ уэр иIэт. Зеикъуэ щыгъуэр, джафэ кIэухэр, лъэгуэр быламым, шыхэм, мэлхэм яуфэбгъуат. Абы хэмрэ къуажэдэсхэмрэ яхьумэу, ипщэкIэ ЛашкIутIащ хьэ кьыщыщIэдзауэ ищхьэрэкIэ Дыгулыбгъуэй Махуэ-гъэпс нэсу, мэзым щIэгуэшауэ щIэсащ Дзэ Плъыжьым и зауэлIхэр. Мис а зауэлI куэд дыдэр игъэшхащ ди колхозым. Абыхэм хозяйствэ иIа ящыщ зы цIыху губгъуэм кьинатэкIым.

Мухьэмэд угыр кьыззIуиухри, щIызхуэса Iуэхум тепсэлъыхьу щIидзащ. Зытепсэлъыхьыр гурыIуэгъуэу, гъэхуауэ, жьакIуэу яжреIэ: «Нобэ дэ нэмыщхэм дзыыхадза зауэр икьукIэ гуащIэщ, псынщIэуи зэфIэкIынукьым. Сэ фыкьыхуэдджэ щхьэж хуэзфIэкIыр а зауэ зугурысыар нэхъ пасэу и хъыным хуэзщIэвгъэщIуэну, бийм дытекIуэн папщIэ, кьиКIуэт фимыIэу сыт хуэдэ гугъуехьми фыпэщIэтыну. Апхуэдэу сыныволъэIу и Хэкум епщIыж, бийм игъэделэ кьыфхэмыкIыну. Нэхъыжьхэм ящIэж 1917 - 1921 гъэхэм - Октябрь революцэм щыгъуи, адкIэ граждан зауэм щыгъуи ди къуажэдэсхэм зыми я мыIуэхуэзрызэрамыхуар, абы и фIыгъэкIэ ди жьыгъэм щыщ цIыху абыхэм зэрыхэмыкIуэдар. Фэрэ фи щхьэм фыхуэсакьыжмэ, бийм кIэщIэлъадэ къыхуэхэмыкIуэдар. Ар ирахужа ижь, и кьулыкъым пэроувэжри, бийм зэхикъута къуажэр, цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэзэжьыным жыдэкэру ёолэжь, лэжьакIуэбэр абы кьыхуэзщIэ Iэтэ. Жылагъуэ псэуальэхэр кьызэрагъэпэщыж, абыхэм унагъуэхэм ятригуашэу фашистхэм ящригъэхъуэ Iэщыр щызэхуахъусыж. Гъэш, мэл, шы фермэхэм лажьэу щIадзэж.

Лы губзыгъэм, унафэщI IэкIуэлъакIуэм кьызэрагъэпльэуэ щытащ. ИкIи республикэм колхозу, совхозу итым ди хозяйствэм и щIыхуэ ятехуат.

Ахэр хъума хъуами, кьуажэми хозяйствэми мылькукIэ, цIыхуэ Iэ хэщIыныгъэшхуэ я Iащ. Ди къуажэр нэмыщэм зэрыIыгъа зэман мащIэм щIыхуи 120-рэ хэкIуэдащ, 300-м нэс уIэгъэ ящIауэ щытащ. Куэдым я унтхэр, псэуальэхэр якъутащ, унагъуэ Iэщуи Iисраф ящIар Iащэщ. Колхоз Iэщ псэуальэри зэтракъутащ, ягъэсащ. Алэщокъуэ щыIа бригадэ унэр и пIэм ирагъэщхащ, абы щаIыгъа выз 800-м нэсыр фашистхэм яшхащ. 1943 гъэм Зеикъуэ кьуажэ Советымрэ колхоз правленэмрэ кьызэрагъэпэщца чрезвычайнэ комиссэм - абы и унафэщIу щытащ Шыбзыкъуэ Нинэ Елбэздыкъуэ и пхъар - кьиптытауэ щытащ нэмыщэ зэрыпхъуакIуэхэм кьуажэдэсхэм, хозяйствэм я мылкуу, Iэщу Iисраф ящIахэр, яшхаэр. Ахэр а лъэхъэнэм зекIуа ахьшэмкIэ сом меларди 6-м щIигъуу кьыщIэкIащ.

ИщхьэмкIэ зэрыщыжьысIам тету, Мухьэмэд и хахуаэм гъэм, и губзыгъагъэм я фIыщIкIэ, езыр хэкIуэдэнкIэ щынагъуэми, Iэщым и нэIэ зэрытригъэтам и хьэкkIэ мылькушхуэ кьызэтригъэнауэ щымыытамэ, кьуажэми хозяйствэми нэхъыбэж яфIэкIуэдыныгъ. Iэщым бгъэдэта цIыхухэми яхэмыщIауэ я уиэ екIуэлIажьагъ.

Къэрмокъуэм псынщIэу зыкьыдиIэтыжащ ди колхозым. 1955 гъэм ирихьэлIэу зауэм и пэкIэ хозяйствэм иIа Iэщ бжыгъэр зэфIигъэувэжащ: ди фермэхэм кьытехутэжащ мэл-бжэну мин 40-м нэблагъэ, быныму 4.500-рэ, шыуэ 800-м нэс. Абыхэм цIыхухэр щыгуфIыкIырт, иригушхуэрт.

Ауэ хьуажэдэсхэм яхуемыгъэхьыр, гуауэу я тэмакъым кьыщIэтыр Хэку зауэшхуэм и кIэухыр. Зеикъуэмрэ Жанхьэтекъуэмрэ зы кьуажэ Совету зэгуэтт. А жылагъуитIым 1941 - 1945 гъэхэм Хэку зауэшхуэм ягъэкIуат я адэхэу, я кьуэшхуэ, я кьуэхэу 1359-рэ. Ахэр кьуажитIым щыIэрэ щыхьэрэ кьыхуахьу, хахуэу бийм япэщIэтащ. Абыхэм ящыщу 700-м кьагъэзэжакъым, я псэр Хэкум и щхьэхуитныгъэм папщIэ ятащ. Нобэр кьыздэсым я анэхэр, щхьэгъусэхэр, шыпхъухэр абыхэм ятопыхьэ, лъэпкъэр зэхьыхьэмэ, ягу кьагъэкIыж яфIэкIуэдахэр. Щомахуэхэ апхуэдэ хэщIныныгъэу 25-рэ, Сэбашышхэ апхуэдизэ, Щоджэнхэрэ Шурдымхэрэ дэтхэнэми 24-рэ, Дыкъыпэхэ 23-рэ, ГъуКIэлIэ 21-рэ яIащ. ПщыкIупIым щыщIэдзауэ щыкIыбгъум нэс зыфIэкIуэдаэр лъэпкъ пщыкIуэ мэхъу. 700-м щыщу 321-р къэзгъэлъэгъуа лъэпкъхэм ящыщщ. Къэрмокъуэм и гульытэр здынэмыс кьэзгъэтыгъуейт. Зауэм хэкIуэдахэм я унагъуэхэм, зи закъуэу кьэна фызабэхэм, зеиншэ щIэуа сабийхэм псэуныгъэ и лъэныкъуэкIэ хуабжьу ядэIэпыкъурт. Псалъэм папщIэ, колхозым ильэсым щыщ ахьмэдэ кьыIэрыхьым и проценти 2-р зеиншэхэм, дэIэпыкьуэгъэнышэхэм яхухихырт. Ар машIэтэкIым, колхозым мэкъумэшхэкIэ IэщхэкIиу кьилэжьым и куэдагъыр кьэпльытагъэ. Зауэ нэужь ильэсхэм кьэхъуа гъеишхуэхэми зы цIыхуи ихьакIым Мухьэмэд и гульытэр жумартагъымрэ я фIыщIэкIэ.

ДЭ ДИЭТ зы уэшх кьэмыушхми, мэкъумэш бэв кьыщыкI щIыпIэшхуэ - ар Зеикъуэ и вапIэхэм я нэхь ин дахэр. Алэщокъуэт. Абы и щIыщхьэфэм хуриКъурт зэрэсэнсыр, икIи псом хуэмыдэу иартыкъур бэв щыкъурт.

ФIышIэрэ щытхъурэ яхуэфащэщ Мухьэмэд, абы и уажькIи Iуэхум пызыща, нэхъри езыгъэфIэкIуа Бырс Анзор, ХъэвщIыкIу ПыгIатIшэ, Чеуж Джэхфар, Абаз Ибрэхьим сымэ, кьуажэдэсхэр зауэм и уажь илъэсхэм гъейм щызыхъумахэм.

Мухьэмэд зэхэхауэ сыт хуэдэ Iуэхуэгъуэрэ илъэсым гъэшIыхьауэ кьыригъэIыгъэр икIи а бжыгъэхэм хуэдизэ гъэтIылыпкIэ ищIырт. Псом япэ гъавэмкIэ кьэралым и хьэкыр игъэзащIэрт, илъэс кьэс планым и лейуэ кэуд ирищэрт. ИтIанэ кьыхихырт жылапхъэмрэ страховой фондымрэ, тхьэмыщкIэхэм зэрадэIэпыкъуэрт. АдэкIи щыхухэм я трудоденым пэкIуэу етыы хуэрэп, Iэщым и Iусыпхъэр, лъэжьакIуэхэм я гъуэмылэр гъэтIылъыгъэ ищIырт. А псори хэкIа иужь, кьэнар кьэзылэжьаэм яйт. Илъэс кьэс трудоеным хуэзэу ику иту гъавэ килограммитIым щыIа ирагъэкIуа 2-8-м нэс, лыуэ грамм 200, сэхурану грамм 300, щыуэ грамм 50, кIэртофу килограммитIым 0,7-1-м нэс хуагъэщащ. Хуагъэува мардэм щIезыгъэгъуа бригадэхэм, зеночэм лэжьапIэм нэмыщI саугъэтхэри иратащ.

Апхуэдэ гульытэм, лжьыгъэ кьызэгъэпэщкIэм мэкъумэшыщIэхэр нэхъри тригъэгушхуэрт, зэхьэзэхуэу, зым Iэпыхуэрадрейм кьиштэжу игъэлажьэрт. Колхоз правленэм хэтхэр, Iэщым ехэр, курыт унафэщIхэр цIыху пэжт, хьэлэт, щхьэхуещэ яхэттэкъым. Абы лэжьакIуэхэр нэхъри игъэгушхуэрт, текIуэныгъэщIэхэм хуэунэхьт.

Псом хуэмыдэу зеикъуэдэсхэм ягу кьинащ 1946 гъэр - уэгъэшхуэ щыщыIар. А илъэсым кьуажэм щыщу мэжащIалIагъэм зы цIыхуи ихьакIым, гъавэкIэ уэкъуэлакIуэ нэгъэщIу щыпIэ кIуакIым, мэкъумэш бэв кьрахьэлIауэ щытащ.

Къэрмокъуэр щIалэгъуаэлэми я ныбжьэгъушхуэу щытащ - едэжнур игъэгушхуэрт, дзжьэнум дэIэпыкъурт. Комсомол-щIалэгъуалэ зеиншэхэр кьыщежьам япэу ежьыззэгъэпэщцаэм щыщ ди колхозыр. 1944 - 1950 гъэхэм хозяйствэм щылэжьащ комсомол-щIалэгъуалэ зеиноуэ 10. Абы-хэм я унафэщIт Хьэпэ Хьэмидбий, Мэжджыхь Хьанджасар, Чып Мелыхьан, Сыжажэхэ Хьэбасрэ Нащхьэрэ, ЛIызам Лацэ, Хьэмырзэ КIуакIуэ, Къэрмокъуэ Iэмырбий, Хьэмырзэ Музэриф сымэ, нэгъэщIэкIуэ. Сэ ар фIыуэ сощIэж, сыту жыпIэмэ, а лъэхъэнэм кьуажэм и комсомол организацэм и секретару сылэжьащ, Мухьэмэд дзэр дзэчэнджкIуэрэ, унафэщIэхэр кьыхэтхауэ щытащ. ИужькIи зэпымыуэу си нэIэ ятетащ. ЩIалэхэми хьыджэбзхэми дыкъагъэпэжащ - дазэрыщыгугъам хуэдэу кьытхущIэкIащ. Мы зи гугъу сщIы лъэхъэнэм кьыхуеджэныгъэ щыщIащ: «Ику иту гектар кьэс хуэзэу нартыхум центнери 100, бжьыхьэсэ гуэдзым - 40, сэхураным - 25-рэ, кIэртIофым - 500 кьыщтетхынщ» ИкIи зы гъэ-гъитI мыхьуу, абыхэм илъэс зыбжанэкIэ апхуэдэ мэкъумэш бэв кьрахьэлIэжащ.

Мэкъумэш щIэным, Iэщ гъэхьным я кьыззгъэпэщылкIим щIалэгъуалэр мэкъумэшым и къудамэ Бырс Анзор щыхагъэхьуэрт.

Я унагъуэ Iуэхум щхьэкIэ щколым кIуэурэ махуэм емыджэф щыIэмэ, абыхэм папщIэ 7-10-нэ классэр яIэу пщыхьэщхьэ щкол лажьэрт. Абыхэм Къэрмокъуэм и нэIэ тригъэтт. Лъэныкъуэмрэ еджэныбжьэ зэдахь хьууэ я Iэнатlэхэр яритырт, хуэмыщIа кьахэкIмэ, ахьшэкIэ ядэIэпыкъурт. Апхуэдэу еджэурэ епщIанэ классыр кьуахащ Джэдгъэф Асльэмырзэ, ХьэфIыщIэ Льостэнбий, Щомахуэ Бэч сымэ, нэгъэщIэ щыбжанэм. ИужькIэ абыхэм я еджэныгъэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щыпащащ, Iэщлагъэлl, унафэщI хъарзынэхэр кьахэкIащ.

НобЭ дыззрыт зэманым, щытыкIэм изольыт дэ ди щIалэгъуэу щыщыта абыхэм я лъэхъэнэри, зэрызгъэщIэгъуэнэр кьысхуэщIэркьым ди щIалэгъуалэм я Iэщпэчыгъар, я ерыщыгъар. ИндхьэмкIэ ди гъэгъу сщIа батэшхуэр зэрагъэхьеяр шыжь-вызыщ, хьэмфIанэрэ белрэщ. Абыхэм апхуэдизкъару кьащIэзыльлъхьар я зэкъуэтыныгъэрщ, зэрыгъэпэжныныгъэрщ, я хьэлэлагъырщ. Мухьэмэд мыпхуэдэ лIыгъи дэслъэгъуащ, аращ, «IыкIэщ», абы нэгъэщIкIэ уеджэ хъунукъым.

1946 гъэм и мазаем ди колхозым отчет-хэхьныгъэ зэIущI щекIуэкIынут: абы унафэщIри щыхахьи е щыхахьжьи хуейт. Абы щыгъуэ дэ Iуащхьэмахуэ районым дыхэтт. ЛIыкIуэхэр, ди кьуажэ унафэщIхэр зэхэтIыхьэгъат, сэри сахэту. Колхозым и тхьэмадэу хахьнур кьагъэльэгъуэн хуейт. Районым и ЛыкIуэхэм Бырс Анзор кьагъэльэгъуащ, дыдейхэм Къэрмокъуэ Мухьэмэд хахьжмэ, нэхъ яфIэкъабылт. Апхуэдэу льэныкъуитI щыхьэм, Мухьэмэд жиIащ: «Сэ сынывэлъэIуну си мурадт. Си бынхэм я еджэгъуэщ, ахэр си гъуэгу Налшык щыпхъэнэну, абы щезгъэджну тезухуащ. Абы кьыхэкIыу сэ сыкъэзмыгъэлъагъуэ. Анзор я кьалэныр икъукIэ дзгъуэзу игъэзэщIэфынущ...»

Къэрмокъуэр псомиящIыхурт. Абы зыгуэр жиIамэ, зэрыпхутекIын щыIэтэкъым, игу кьэкIар зримыгъэхъулIауэ кьикIуэтынутэкъым. Зыри пэувакъым, апхуэдэу колхозым и тхьэмадэ и кьулыкъум яфIыукIауэ щытащ.

Мухьэмэд жыжьэ пльэрт, нэхьыфIыр кьилъагъуфырт. ЗорыжиIам хуэдэуи, кьуажэм дэкIащ. Абы и зэфIэкIыр зыхуэдизыр зыщIэ партым и Къэбэрдей обкомым ар япэ щыкIэ Бахьсэн райисполкомым, итIанэ Тэрч райисполкомым, нэхъ ижьыЙуэкIэ Налшык райисполкомым я тхьэмадэу егъакIуэ. Ижь дыдэм Къэрмокъуэ Мухьэмэд Къэбэрдей АССР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и инспектору щыта. ЗэрыжьитIащи, 1946 гъэм и мазаем екIуэкIа отчет-хэхьныгъэ зэIущIэм хозяйствэм и тхьэмадэу Бырс Анзор щыхахащ. Мухьэмэд игъэпса унэтIыныгъэм тету, Бырсым колхозыр нэхьри япэкIэ ишэу лъэжьыгъэр иригъэкIуэкI. ЕнатIэхэм лъэжьыгъэ хьэл-щэн дахэ щаIэу кьуажэдэсхэм мэкъумэш щIэ, Iэщ ягъэхьу. Республикэм щыщIэрыIуэу кьыпэщыт къэрал хьэкъхэр егъэзащIэ, и лъжьакIуэхэм яхуэфащэ Iэщым и Iэ. 1948 гъэм ирихьэлIэу хозяйствэр здынэса гъунапкъэхэм Москвау щыгъуазэ мэхъу. Бжыгъэщхуэхэм, лъжьыгъэфIым хуэфащэ пщIэ игъуэтын папщIэ, партымрэ Правительствэмрэ я комиссэ, цIыхупщI зэтриубгъуэ гупым и тхьэмадэр сэрати, сэри сахэту, хьэщIэхэм хозяйствэм 1943 - 1948 гъэхэм лъжьыгъэу щекIуэкIар, кьэралым и хьэкъхэр зэригъэзэщар, мэкъумэшыщIэхэм, Iэщыхьэхэм я гуегуехьым пщIэуэ пэкIуар, зыльэмыкIэхэм хуащI гулыгъэр, дзыгъуэ гъуанэ дихьакъымыгъанэу ясапщытэ. Хэку зауэщхуэм и льэхъэхэм ди кьуажэбгъуэхэм зыщызыгъэбыдауэ щыIа Дзэ Плъыжьым и частхэм тхылъкIэ Iэщу иратауэ щытар, абы кьыпэкIуэ Iэщ щыщIэдзауэ кьэралым кьариты ька ахьшэр кьызэрагъэсэбэпар, мэкъумэшхэкIыу, IэщхэкIыу кьэралым иращи хуеямкIэ ильэс кьэс я кьалэныр гъэзэщIа зэрыкъар, нэгъуэщIхэри гупсэхуу кьапщытащ. Республикэм и Iэщхэкl, гъавэ гъэхьэзырыпIэхэм щIэль тхылъхэмрэ ди бухгалтерием ейхэмрэ зэрагъэпщащ. Уеблэмэ, щыбз льхъэн-пIэн 64-р, абыхэм кьыщIаГъэхъуа щыщ 64-р я пэкIэ зрагъэльэгъащ. Щыхуищ зыхэт комиссэр, емыгIысэх жьыуэ хуэдэу, махуищкIэ лажьэри, кIуэжьигащ. А псом и ужькIэ, куэд дэмыкIыу 1949 гъэм мэкъауэгъуэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэ кьыдэкIащ КъАССР-м Кировым и цIэр зезыхь и колхозым щыбз лъхъэн-пIэн кьэс зы щыщIэ я кьыззрыщыщIэ щыщ. Абы и щIэныгъэ хуэмыдэ ящ. Ар щеджащ, лъжьыгъэм щыкIэ-лъыпIащ къэралым и медицинэ институт нэхъ цIэрыIуэ куэдым.

Цыхуэхэм я узынщагъэр хъумэным, сымаджэхэм я узыр гъэхъужьным, ящыгъэнсынщIэным ехьэлIауэ щIэныгъэ дэжьыгъэ куэд кьыдигъэкIащ.

А псом ямышщIкIэ, Женя щхьэпэсэфIуищытащ. Абы гъащIэ насыпыфIэ дрихьэкIащ республикэм и мызакъуэу, щIыпIэ куэдым кьыщацIыху дохутырыщхуэ, профессор Кьущхьэбий Виктор. Алыхьым и ахьрэт дахэ ищI, Женя 2001 гъэм дунейм ехьжащ.

Женя кIэлъыкIуэ Къэрмокъуэ Майе 1940 гъэм кьалъхуащ. Курыт школыр кьеухри, лажьэурэ и щIэныгъэм хигъэхъуэн щIедзэ. Текстильнэ, промышленность псынщIэмкIэ Союзпсо заочнэ институтым щоджэ.

Майе 1958 гъэм щедзэри Къэбэрдей-Балъкъэр дэрбэзэр фирмэм и бригадиру, мастеру, технологыгу, цехым и унафэщIу щолажьэ. 1970 гъэм и щIэныгъэр, и цIыху хэтыкIэр кьалъытэри, Бахъсэн дэрбзэр фирмэм и инженер нэхъыщхьэу ягъакIуэ. Абы, Iэщлагъэл Iэкlуэлъэ кIуэу зэрыщытым кьыдэкIуэу, жылагъуэ лжьыгъэм жыдэкIуэу зыкьыщIедзэлъэгъуэ. ИкIи ильэсищ фIэкIа и Iэщлагъэмкlэ мылэжьауэ, Бахъсэн район Советым и депутату хах, адкIэ а Советым и исполкомым и тхьэмадэм и къудамэ кьулыкъуэ кьыхуагъэфащэ. Ильэсиблкlэ а къэнхэр ирагъэщIэ Налшык райисполкомым я тхьэмадэу щытащ, жиIэгъэщIу:

- Фыуэсэгъагъу си къуажэгъуэх! Гъэ кIуам ди ТекIуэныгъэкIэ нуха зэхуэкIуэ щыIа фIыкIэ жаIэу, и районыр пэрытхэм ящIэрыгъэ и щIыпIэ фIыкIэ жаIэу, и районыр пэрытхэм хабжэу. 1985 гъэм цIыхубзым дзыхьышхуэ ирагъэз - КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и секретару хахуэ, а Iэнатlэм 1991 гъэ пщIондэ щолажьэ. Ар жылагъуэ лэжьыгъэмэ жыдэкIуэ зэлтщ - 1987 - 1991 гъэхэм республикэм и цIыхубзхэм я Комитетым и тхьэмадэщ. 1988 - 1996 гъэхэм цIыхубзхэм я Урысей Союзым и Исполнительнэ Комитетым хэтщ. РСФСР-м и Суд Нэхъыщхьэм и цIыхубэ заседателу тIэунейрэ (1972 - 1982 гъ.гъ) хахащ. «И лэжьыгъэфIым папщIэ» медалыр кьыхуагъэфащащ.

Къэрмокъуэ Хьэчим Мухьэмэд и кьуэр ди республикэм и мызакъуэу, утыкуп хуэм кьыщацIыхуа адыгэлIщ. 1941 гъэм кьалъхуащ. 1963 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр хэрадж университетыр промышленнэ, граждан ухуэныгъэ Iэщлагъэмкlэ кьеухри, Брянск кьалэм лэжьэу щыIэ щIедзэ.

Абы уухэныгъэхэр щрегъэкIуэкI Тырныауэ, Налшык кьалэхэми. И щIэныгъэм хегъахъуэ, Москва дэт экономикэ институтым и аспирантурэр кьеух. 1971 гъэм диссертацэр пхегъэкIри, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат мэхъу. КъБКъУ-м и доцентщ, сатъэждакIуэ яхэхьажьу щылэжьащ. И доктор диссертацэр егъэхъэзырри, 1998 гъэм пхегъэкI. Экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ.

«Къэббалькъавтостроий» ухуакIуэ-монтаж управлениэм и унафэщIу, «Къэббалькъпромстрой» трестым и тхьэмадэм и къудамэ 1973 - 1990 гъэхэм лэжьащ.

Хьэчим и Iэнатlэхэм зэуалIныныгъэу хэлъыр кьыгурыIуэу, зэпIэзэрыту кьалэнхэр зэрыщIрихькIыр кьалъытэри, нэхъ кьалэн гуегъуэр пщэрылъ хуащIу щIадзэ. 1990 гъэм ар КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Тхьэмадэм экономикэ реформэмкIэ и къудамэм и къудамэ 1973 - 1990 гъэхэм лэжьащ.

Хьэчим и Iэнатlэхэм зэуалIныныгъэу хэлъыр кьыгурыIуэу, зэпIэзэрыту кьалэнхэр зэрыщIрихькIыр кьалъытэри, нэхъ кьалэн гуегъуэр пщэрылъ хуащIу щIадзэ. 1990 гъэм ар КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Тхьэмадэм экономикэ реформэмкIэ и къудамэм и къудамэ 1991 - 1993 гъэхэм КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщIщ. 1993 гъэм дыгъэгъэзэм щыщIэдзауэ УФ-м и Федеральнэ Собранэм и Къэрал Думэм и депутатщ. 1994-2000 гъэхэм Урысей Федерацэм и Счетнэ Палатэм и япэ тхьэмадэщ. Ар икьукIэ кьулыкъушхуэщ - кьэралым и лIыщхьэхэм ящыщу ехьэнщ. Мыдлеж щыжьIэ ящынырэ зэхуэсым!» Ар адыгэ псомиди дежкIэ щIыхьщ, гуапэщ!

2000 гъэм и накьыгъэм щыщIэдзауэ Хьэчим УФ-м и Счетнэ Палатэм и тхьэмадэм и чэнджэщкIуэ Iэнхъыщхьэщ. 2001 гъэм Урысей Федерацэм и Федеральнэ Собранэм Федерацэмкlэ и Советым хэтщ. «Зэныбжьэгъугъэ» орденыр 2001 гъэм кьыхуагъэфэщащ.

Мухьэмэд и адрей щIалэхэми СультIан, Хьэсэн, Олег сымэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ. Щыри зыбгъэгъэт ЕнатIэхэм хуэIэкIуэлъакIуэщ, фIыщIэ кьыхуащIу, щытхъу кьыхуажаIэу щолажь.

ХЬЭФЫЦIЭ Мусэбий,
лэжьыгъэм и ветеран.
Бахъсэн район,
Зеикъуэ кьуажэ. 2004 гъэ



Къэрмокъуэ Женя

Къэрмокъуэ Хьэчим

Къэрмокъуэ Майе

Адыгэ бзылъхугъэм и зэфIэкI

● Тхылъыщ Iэ

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым зэхыхьэ гукъинэж щекIуэкIащ. Ар теухуат зауэ зэманым Ленинград къыдашьфа сабийхэм бзылъхьу ятелъэмрэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм хыхьэ Беслъэней къуажэдэсхэм зэрахьа адыгагъэмрэ и лъабкьэу, профессор, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт Чистяков Николай итха «Память сердца» тхылъым.

ЗЭХЫХЬЭР къызэрагъэпэщащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым, ПащIэ Бэчмырзэ, Мечиев Касым сымэ я щIэхэр зезыхьэ Сабий, Ныбжьыщ Iэ республикэ библиотекэхэм, Налшык къалэм и курыт еджапIэ №24-м я лэжьакIуэхэм.

ЗэIущIэм хэтащ Беслъэней къуажэм щыщ, КъШР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Унэж Леонид, Беслъэней къуажэм дэсхэм ядэIэпыкъунымкIэ щыIэ псапащIэ фондым и унафэщI Абыдэ Кушыку, профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор, республикэм и щIэныгъэхэтэ институтым и унафэщI Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, КъБР-м и щIыхьэ артист КIэдыкъуей Артур, филологие щIэныгъэхэм я доктор ХьэкIуащэ Мадинэ, «Дети войны» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Щауей Мидэ, республикэм и библиотекэхэм я лэжьакIуэхэр, Налшык къалэм и курыт школхэм я егъэджакIуэхэр.

Налшык къалэм и курыт еджапIэ №32-м и 11-нэ классым щIэс Молэ Динарэ тепсэлъыхьащ «Память сердца» тхылъыр зыгетхуэм:

- Мы гъэм къэралым щагъэлъапIэ Ленинград, Сталинград, Курск, Днепр дежи щекIуэкIа зэхэуэх гуащIэхэм ди зауэлIхэм текIуэныгъэ къызэрыщахьрэ илъэс 70 зэрырикъур. «Память сердца» тхылъыр зытетхуэр 1942 гъэм и мэлыжьыхьым Ленинград къыдаша сабийхэм я гъащIэр къызэрекIуэкIарщ. Сабий унэхэм щыIэ цIыкIуэхэр мафIэгугъэмкIэ кърашэжьат зауэр здынэмыса щIыпIэм яшэну. Армавир къаэлэм нэсауэ мафIэгум нэмыцэхэм топышэхэр къытрагъэлъалъэу щIадзащ. Зи зэхуэдитIыр лъэпкьыкIэ журт сабийхэр Беслъэней къуажэм нагъэсат. ЦIыхухЬу лъэрызехьэхэр зауэм щыIэт. Жылаэм къыдэна лIыжь-фызыжьхэмрэ цIыхубзхэмрэ сабийхэр унагьуэ-унагьуэкIэ зэбграхри ягъэпщкIуащ. Къуажэм къыщалъхуэхэр зратхэ тхылъым сайт 32-рэ зы жэщым иратхащ, адыгэ унэцIэхэр яIэу. Фашистхэм къуажэдэсхэр зэтраукIэну я тхьаолынэт, журтгъэр ягъэпщкIауэ я къащIэмэ. Ауэ, бийр жылэм зэрыдэса мазитхум къриубыдэу, беслъэней-дэсхэм зы сабии нэмыцэм Iэрагъэхьакъым. Ажалым щахъэрэмэу я быным пащIу зэрапIам, зэрырагъэджам папщIэ абыхэм адыгэ анэхэм фIыщIэ ин хуащI, - къыхигъащащ Динарэ.

Сабий зеиншэхэр беслъэнейдэсхэм къызэрыгъэлрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу и бжыгъэр 1500-рэ хьуауэ къыдэжа тхылъым ихуащ Ленинград къыдашауэ щыта, иджы зи щхьэр къетхуэха цIыхубзхэмрэ цIыхухьэмрэ я гукъэжЬыкъэр, архивым къыхахьыжа суэтхэр, Чистяков Николай и «Память сердца» поэмэр, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ беслъэней-дэсхэм зэрахьа лIы-гъэмрэ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ теухуа тхыгъэхэр. Тхылъым и напкIуэцIхэм уи нэпс кърагъакIуэу ухашэ Хэку зауэшхуэм къэхуа Iуэхугъэу гуузхэм ящыщхэм.

Адыгей, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Урысейм и журналистхэм ягъэхьэзыращ 1942 гъэм беслъэней-дэсхэм зэрахьа лIыгъэм теухуа «Бесленей. Право на жизнь», «Одна семья», «Одна родня», «Дети с берегов Невы» кинофильмхэр, тхыгъэхэр. Ахэр газет, журнал зэхуэмыдэхэм къытрадзащ, ди къэралми нэгъуэщI щIыналъэ куэдми я телеканалхэмкIэ къатащ.

Налшык къалэм и курыт еджапIэ №32-м щIэс Ныр Астемыр къеджащ Журтхэм я зэгухьэныгъэм и департаментым жылагъуэ IуэхухэмкIэ и унафэщI Спектор Роман мы Iуэхуэм теухуауэ жиIам:

«Зи гур мыкъабзэ политикэм лъпкъ Iуэхуэхэр щыхэщIагъэплъэ иджырей зэманым, Хэку зауэшхуэм щыгъуэ адыгэ бзылъхугъэхэм журт сабийхэр ажалым зэрещылъумам теухуа тхылъыр урыс тхыдэтхым зэритхыжам мыхьэнэшхуэ щиIэщ. Курыт школхэм тхыдэр зэрыщыратэдж тхылъхэм мы къэхъугъэр зэгъэхьэн хуейщ, адыгэхэм яхуэзэфIэкIар лIыгъэм и щапхъэу. ЦIыхухъэм лъпкъ, дин зэхэгъэж зэримыщIыр беслъэней-дэсхэм къагъэлъэгъуащ».

Чистяков Николай и «Память сердца» поэмэм щыIыхьэхэм гъэхуауэ къеджащ Налшык къалэм и курыт еджапIэ №24-м щIэсхэу Къумал Заирэ, Лызам Мухьэмэд, Хьэхъупащ Iэ Жэнэт, Кумыщ Мухьэмэд, Захаров Никитэ.

Налшык къалэм и курыт еджапIэ №21-м и ебланэ классым щIэс Iэдэын Айзэ гум хыхьэу игъэзэщIащ «ЛIыгъэ зыхэлъхьэ» уэрэдыр (псалъэхэр Тут Михаил, макъамэкI Гъуэт Аслъэн яйщ). КыхэзгъащIыпхьэщ, Ленинград щыщ Воронин Виктор Беслъэней къуажэм дэс Айзэ и адэшхуэм и унагъуэм кыхэзгъуэгъэлар. Апхуэдэу Воронин Виктор Iэдэын Рэмэзан хъуащ.

БгъэжьнокъуэУ Барэсбий жиIащ беслъэнейдэсхэм я гъащIэм, я щхьэм и пэ сабий зеиншэхэр зэрырагъащам, я бын дыдэм палъыту ахэр зэрапIам папщIэ и щхьэр зэрахуигъэщхьыр, абыхэм къалъыкъуэкIа зэфIэкIым, адыгагъэм лъэпкъыр зэрыригушхуэр икIи ар дуней псом ящIэн зэрыхуэйр.

- Ди республикэми апхуэдэ Iуэхугъуэ куэд щекIуэкIащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зехьумакъым. Иджы ахэр зэхуэпхьэсыжыну гугъу хъунущ. Налшык журт хьэблэ зэрыщыIэр зыщIэ нэмыцэхэр емытIысэхыу абыхэм лъхьуащ. А лъэпкым щыщ цIыху минищIхэр адыгэ къуажэхэм трагъашэри кърагъэлащ. Аращ журт нэхъыжь куэдым адыгэбзэр щащIэр, - жиIащ Бгъэжьнокъуэм.

Абыдэ Кушыку къыхигъащащ Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 60 щрикъум ирихьэлIэу фэепаль Беслъэней зэрыщыхуагъэувар Ленинград къыдашауэ щыта сабийхэм. Журт щIалэ цIыкIуэм IэпалIэ хуэзыщI адыгэ анэм и скульптурэр зыщIар КIэмыругуей Хьэтэзэщ. Абыдэм фIыщIэ яхуищIащ зэхьыхьэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтахэмрэ.

- Адыгэм диIэщ «УфIмэ укъалъагъунщ, уи щхьэ ущымытхъуж» псалъэжыр. Абы и зы щапхъэщ беслъэней-дэсхэм я лIыгъэм теухуауэ къэтщIар. ЩIэблэр гъэсэнымкIэ, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэнымкIэ ар щапхъэфIщ, - жиIащ Щауей Мидэ.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэр ирагъэпытащ Ленинград фашист зэрыпхъуакIуэхэм зэрапэщIэтам теухуа документальнэ фильмым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *тфихащ.*

● Хъуэхъу

Шэрэдж куейм хьхьэ Зэрэгъыж къуажэм дэт амбулаторэм и лэжьакIуэ Къалмыкъ Марие Къазий и пхъум Цыхубзхэм я махуэмкIэ дохъуэхъу

ПщIэ зыхуэтщI Марие! Пэрэ зыдэушэ гъатхэм уи гукъыдэжыр кынIэту, уи узыншагъэр быдэу, дэрэжьгъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ ущымыщIэу, уи быным, абыхэм къатепщIыкIыжа щIэблэм я насыпым, я ехьулIэныгъэм уи лъэр жан ящIу илъэс куэд къэбгъэщIэну ди гуапэщ.

ПщIэ къыпхуэзыщI, фIыуэ укъэзылъагъу уи лэжьэгъуэхэр.

● Гъэсэныгъэ

ЩIалэгъуалэр яущий

«Пищэдей кIасэ хъунущ» фIэщыгъэм щIэту Май районым щрагъэкIуэкIащ щIалэгъуалэ зэIущIэ.

НОБЭ дуней псор зытегузэвыхь наркотикым ныбжьыщIэхэр демыгъэхьэхьыным хуэунэтIа Iуэхум хэтащ республикэм и наркодиспансерым и дохутыр-нарколог ПащIэ Артур, афиныр щэн-къщэхунымкIэ, хабзэм ебакъуэхэм якIэлъыплъынымкIэ Урысейм и къэралкъулыкъущапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и лIыкIуэ Беленский Константин сымэ. Май районым щыпсэу щIалэгъуалэр абыхэм щыгъуазэ ящIащ цIыхум и гъащIэмрэ и узыншагъэмрэ кьэгъаз имыIэу зыкъутэхьым удимыхьэхьын папщIэ щIапхъэхэм, наркотик зыщэхэм уаэзрыпсщIэтыным.

ЗэIущIэм ныбжьыщIэхэм дерс къызыхахьи куэд щызэхахащ.

Хьэщ Iэхэм жэуап гъэхуа ратащ щIалэгъуалэр зэпсэуупщIахэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Лэжьыпхъэхэр ягъэбелджылы

КъБР-м и прокуратурэм щекIуэкIащ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта зэIущIэ. Абы щызэпкърахащ жылагъуэр нэхъ зыгъэпIейтей щIэпхъаджагъэхэр зэхэтхэр зэрыхьур.

АПХУЭДЭЩ Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэу щыта Хьэмгуокъу Леонид сом мелуан 49-рэ мин 347-рэ сом 230-рэ и уасэ мыльку хабзэм къемыизэгъыу «ОЖКХ и БСЗ» МУ-м зэрыритам теухуар. НэгъуэщI зы Iуэхущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым щыщу сом мелуани 2-м щIигъу тхылъ нэпцIкIэ къэзыдыгъуар уголовнэ жэуапым ешэлIэным теухуауэ зэфIагъэкIэр. КыщыныжьщIауэ, республикэм Следственнымкъ и управленэм и къудамэхэм ящыщ зым и лэжьакIуэхэм уголовнэ Iуэхур и кIэм нагъэсын папщIэ щхьэзыдыпхьэфIэфIагъэу хальхьар, Iуащхьэмахуэ районым и наначействэм и унафэщI Чимаевым балигъ мыхьуа Тебердиевым фэбжь зэрыритдзам теухуа уголовнэ Iуэхуэр кIыхьлIыхь щIэхьуар зэкъагъэкIащ.

ЗэIущIэм хэтахэм ягъэбелджылащ Iуэхуэхэм хэплъэныр и кIэм нагъэсу къуаншэхэр судым ирагъэлIэн папщIэ зэуIуу лэжьыпхъэхэр.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iанэ.

● Гу зытъытапхъэ

Къэралым щызекIуэ хабзэхэм щыгъуазэ зыфщIынумэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм Законодательствэр егъэфIэкIуэныкIэ, властым и органхэм я лжьыгъэм хуэгъэза жылагъуэ кIэлыплъынымкIэ, щынагъуэншагъэмрэ хабзэр хъумэнымрэ я IуэхуэхэмкIэ и комиссэм хэтхэр Налшык къалэм Къуэныкъуейм и урамым тет унэ №2-м и пэщ №7-м щыкуэдым щаIуощI хабзэм пыщIа Iуэхуэхэм теухуауэ.

ЦIыхухэр зыщIэупщIэхэм жэуапхэр ират:

Караев Расул Шэрбудин и къуэм - БизнесымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым конституцIэ хуитныныгъэмкIэ, дунейпсо хуитныныгъэмкIэ и кафедрэм и унафэщIым, юридическэ щIэныгъэхэм я кандидатым (мазэ къэс блыщхь махуэм сыхьэт 16 - 18-хэм кьриубыдэу);

Шыпш Аслъэн Мухьэмэд и къуэм - Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къэралымрэ правэмрэ я теориемрэ тхыдэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжьым (мазэ къэс ешанэ гъубжым сыхьэт 16 - 18-хэм кьриубыдэу);

Целуусов Анусэ Азэмэт и пхъум - «Урысейм и юристхэм я ассоциацI» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщIым, КъБР-м и Нотариальнэ палатэм и президентым (мазэ къэс бэрэжьей махуэм сыхьэт 11 - 14-хэм кьриубыдэу);

Хьэгъажей Беслъэн Хьэузин и къуэм - «Юристхэр граждан жылагъуэм и телъхьэщ» сатум пымыщIа зэгухьэныгъэм и щIыналъэ юристым (мазэ къэс гъубж махуэм сыхьэт 14 - 16-хэм кьриубыдэу).

Ди газетым и къыкIэльыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур ГъатхэпэМ и 14-рщ.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Жэз медалитI къахьащ

Владикавказ щекIуэкIащ алыджурым бэнэкIэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ федералнэ щIыналъэм пашэныгъэ къыщыхьыныкIэ 1993 - 1995 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ. Ар теухуат Кавказ Ищхьэрэ федералнэ щIыналъэм пашэныгъэ къыщыхьыныкIэ.

ЗэПЕУЭМ зэхуишэсащ спортсмен 490-рэ.

Ялэ увыпIитхур къызыхьахэр хэтынущ Урысейм пашэныгъэ къыщыхьыныкIэ зэрыщыкIэ мэлыжьыхьым и 30-м щегъэжьауэ накъыгъэм и 2 пщIондэ Краснаярск щекIуэкIыну зэпеуэм. Апхуэдэ Iэмал зыIэрыгъэхэным хуэщIэкъуащ си спортсменхэри.

МахинщкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэ гуащIэм республикэм и команд эхъуэ щIэзэ къыхэхам дыщэ медали 2, дыжьныи апхуэдизу щызыIэригъэхьащ. Ялэ увыпIэхэр кьахьащ Дышэкl Албэчрэ (кг 46-рэ) БишIо Тимуррэ (кг 69-рэ). Ныбжьэ Нурмухьэмэдэрэ (кг 100) Кьэмбэчокьуэ Азэмэтрэ (кг 46-рэ) дыжьыи медалхэр кьалъысащ. Етхуанэ увыпIэр яубыдащ Шавае Маликрэ (кг 54-рэ) Блэнауэ Азэмэтрэ (кг 58-рэ). Ахэр я гъэсэнщ тренерхэу Джэрыджэ Альберт, Iэщнокъуэ Мухьэмэд, Хьаныч Аслъэн сымэ.

КъБР-м бэнэкIэ хэтымкIэ ныбжьыщIэхэм я командэ кьыхьэхам я тренер нэхьыжь Бозий Исхьэжь зэрыжиIамкIэ, щIалэхэм зэфIэкI къаугъуэ ящIэ. Курыт школхэм тхыдэр зэрыщратэдж тхылъхэм мы кьэхъугъэр зэгъэхьэн хуейщ, адыгэхэм яхуэзэфIэкIар лIыгъэм и щапхъэу. ЦIыхухъэм лъпкъ, дин зэхэгъэж зэримыщIыр беслъэней-дэсхэм къагъэлъэгъуащ».

Чистяков Николай и «Память сердца» поэмэм щыIыхьэхэм гъэхуауэ къеджащ Налшык къалэм и курыт еджапIэ №24-м щIэсхэу Къумал Заирэ, Лызам Мухьэмэд, Хьэхъупащ Iэ Жэнэт, Кумыщ Мухьэмэд, Захаров Никитэ.

Налшык къалэм и курыт еджапIэ №21-м и ебланэ классым щIэс Iэдэын Айзэ гум хыхьэу игъэзэщIащ «ЛIыгъэ зыхэлъхьэ» уэрэдыр (псалъэхэр Тут Михаил, макъамэкI Гъуэт Аслъэн яйщ). КыхэзгъащIыпхьэщ, Ленинград щыщ Воронин Виктор Беслъэней къуажэм дэс Айзэ и адэшхуэм и унагъуэм кыхэзгъуэгъэлар. Апхуэдэу Воронин Виктор Iэдэын Рэмэзан хъуащ.

БгъэжьнокъуэУ Барэсбий жиIащ беслъэнейдэсхэм я гъащIэм, я щхьэм и пэ сабий зеиншэхэр зэрырагъащам, я бын дыдэм палъыту ахэр зэрапIам папщIэ и щхьэр зэрахуигъэщхьыр, абыхэм пашэныгъэр кьыщыхьыныкIэ Челябинск щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм кIуэну Iэмал ягъуэтащ.

- Пэжщ, тренерхэр медаль нэхьыбэ дыщыгугъащ. Арщхьэкlэ, Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм кьикIа спортсмен 150-рэ зыхэта зэхьэзэхуэр гуащIэу зэрекIуэкIар бэ хуэпльытэмэ, екъулIэныгъэ хьарзынэ диIауэ убж ящнущ,- жиIащ алыджи-урым бэнэкIэмкIэ КъБР-м и кьэрал тренер Мэкьуауэ Аминэ.

● Бэнэкlэ хуит

Дыщи дыжьыни

Налшык къалэ щекIуэкIащ 1996 - 1997 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэм бэнэкIэ хуитныкIэ я зэхьэзэхуэ. Ар теухуат Кавказ Ищхьэрэ федералнэ щIыналъэм пашэныгъэ къыщыхьыныкIэ.

ДИ СПОРТСМЕНХЭУ Хьэжнэгъуей Мухьэрбийрэ (кг 60) Гугъуэтыж Мухьэмэдрэ (кг 84) абы жэз медалхэр кьыщахьащ икIи мэлыжьыхьым и 18 - 20-хэм Урысейм пашэныгъэр кьыщыхьыныкIэ Челябинск щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм кIуэну Iэмал ягъуэтащ.

- Пэжщ, тренерхэр медаль нэхьыбэ дыщыгугъащ. Арщхьэкlэ, Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм кьикIа спортсмен 150-рэ зыхэта зэхьэзэхуэр гуащIэу зэрекIуэкIар бэ хуэпльытэмэ, екъулIэныгъэ хьарзынэ диIауэ убж ящнущ,- жиIащ алыджи-урым бэнэкIэмкIэ КъБР-м и кьэрал тренер Мэкьуауэ Аминэ.

● Футбол

Гъатхэпэм екIуэкIыну джэгугъуэхэр

ЯПЭДИВИЗИОН

ТIощIр ещанэ джэгугъуэ

Гъатхэм и 11

(блыщхь)

«Металург-Кузбасс» (Новокузнецк) - «Спартак-Налшык» (Налшык)

«Уфа» (Уфа) - «Сибирь» (Новосибирск)

«Нефтехимик» (Нижнекамск) - «Ротор» (Волгоград)

«Петротрест» (Санкт-Петербург) - «СКА-Энергия» (Хабаровск)

Гъатхэпэм и 12

(гъубж)

«Урал» (Свердлов область) - «Волгарь-Газпром» (Астрахань)

«Енисей» (Красноярск) - «Торпедо» (Мэзкуу)

«Балтика» (Калининград) - «Химки» (Мэзкуу область)

«Шинник» (Ярославль) - «Салют» (Белгород)

ТIощIр епIанэ джэгугъуэ

Гъатхэпэм и 18

(блыщхь)

«Спартак-Налшык» - «СКА-Энергия»

«Томь» (Томск) - «Нефтехимик»

«Балтика» - «Петротрест»

«Ротор» - «Шинник»

Гъатхэпэм и 19

(гъубж)

«Торпедо» - «Металург-Кузбасс»

«Волгарь-Газпром» - «Енисей»

«Салют» - «Урал»

«Химки» - «Уфа»

ТIощIр етхуанэ джэгугъуэ

Гъатхэпэм и 25

(блыщхь)

«Урал» - «Ротор»

«Енисей» - «Салют»

«Металург-Кузбасс» - «Волгарь-Газпром»

«СКА-Энергия» - «Торпедо»

«Уфа» - «Балтика»

«Нефтехимик» - «Сибирь»

«Шинник» - «Томь»

«Петротрест» - «Спартак-Налшык»

● КъБР-м щIыIэ МВД-м къет

Мурадыр къайхъулIакъым

МЭРЭЗХЪУДЭСЫМРЭ (Аруан куэй) Анзорей (Пэскэн куэй) щыпсэумрэ Налшык къакIуэу Кировым и уэрамым тет «Дев» сату-нэгузегъэужьыпIэм зэрыщыщэхуэзэр хъарзынэт, дыгъуэну ягу къэмыкIамэ. ЩIалэхэр хэкъубыдащ сом 8200-рэ и уасэ дыхуэхI, сом 2200-рэ и уасэ диск ядыгъуу. Сату щIапIэм и лэжьакIуэхэм полицэм хъыбар ирагъащIри, ахэр яубыдащ.

Хьэл мыгъуэ

УРЫСЕЙ Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкIэ и Управленэм и плъыр частым зыхуэзыгъэзэ цIыхубзым зэрыжиIамкIэ, Мэзкуэ-нэ зи цIэ хъыджэбэ хьэщIэм бысымым и мыльку сом 177 500-рэ и уасэ фIидыгъуащ.

Полицэм и лэжьакIуэхэм а щIэпхъаджагъэр зылэжьа цIыхубзыр яубыдащ. Ар нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, 1990 гъэм къалъхуа дзэлыкъуэхъуэжэдэсщ.

Iуэхур зохагъэкI.

Зыгъэзэжьырар **УЭРДОКЪУЭ Жеиящ.**

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ Iэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Мариэт, ЩэщIэныдэж Заирэ, Хьэжыкьарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

КьыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и урам, 5, егъэуанэ, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Iуэхущ Iапн Iэхэм я дзлъэжьынымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пысымохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеми - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапн Iэм - 42-26-41; суэрэттехьэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я ижагъымкIэ ахэр зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт эпщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэзащэм и 16-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапн Iэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIкIэ щыIэ урам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкI Соня, редактору Истэпан Залинэ, корректорхэу Хьэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.)*, ПхатIыкI Аслъэн *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэныкъуэгъу Мыржэкъан ФатIимэ. *Компьютерхэр газетым и тепльэр ящIащ* Дол Мариэ, Щомахуэ Маринэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.172 ● Заказ №636